Хэкужь - пхъэжь мафIэ

2-нэ нап.

Бланэ щалъху йокIуэлIэж

3-нэ нап.

Хэт и хъупIэхэр нэхъыфI?

3-нэ нап.

Дызэрыгушхуэ дирижёр цIэрыIуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№112 (24.550) ● 2023 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 19, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Лъакъуэрыгъажэ спортым республикэм зыкъыщеужьыж



4-нэ нап.

ЛIыгъэ зезыхьэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэм къулыкъу щызыщIэ цIыху 292-м къэрал сауГэт лъапIэхэр хуагъэфэщащ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэ Правительствэм хэтхэм яIущIащ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм адэкIи защIэгъэкъуэным теухуауэ. Зэхуэсахэр тепсэлъыхьащ къыкIэлъыкIуэу зауэлIхэм хуашэну хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ яГъэхьэзыра, лъагъэIэса зэрыхъунум. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я деж мыгувэу яГъэкIуэнущ щIыпIэ зекIуэгъуейхэм хуэщIа машинэшхуэхэр, зауэлIхэр зыщIэлъэIуа псори илъу.

«Дзэ Iуэху хэхам щыщIидза махуэм щегъэжьауэ, я къалэнхэр яГъэзащIэу, ди зауэлIхэр фашистхэм, киев тетыгъуэм къепщIэкIа террористхэм йозауэ. ЛIыгъэ яхэлъу, уеблэмэ я псэ емыблэжу, ахэр Урысейм къыщхьэщож, къытущIэхъуэну щIэблэм я къэкIуэну махуэм щIобэн. ХэкIуэдахэр зэи тщыгъупщэнукъым. Абыхэм я цIэхэр игъащIэкIи щIэблэщIэм я гум илъынущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ КъБР-м щыщу дзэм къулыкъу щызыхь цIыху 292-м къэрал дамыгъэхэр къратащ. Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ Тэмазэ Тимур Мухьэмэд и къуэм (дунейм ехыжауэ). ЛIыхъужьыгъэм и орденхэр дзэм къулыкъу щызыщIэ цIыхуи 112-м къратащ.

«Ди лIыхъужьхэм дрогушхуэ. АпхуэдэлIхэр зыгъэса адэ-анэхэм щхьэщэ яхудощI. Я адээшхуэхэм яхуэфащэу, Хэкур къэзыхьумэхэм яхуэтщI фIыщIэм гъунэ иIэкым. Дзэм къулыкъу щызыщIэ ди щалэхэм махуэ къэс лIыгъэ зэрахьэ, аэрэ Хэкум, Урысейм щыпсэу цIыхубэм къащхьэщож. Дэ абыхэм сытым дежи защIыдогъакъуэ, абы дытекIынкъым», - къыхигъэщащ республикэм и Унафэщым.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Ставропольем щыпсэухэм ехъуэхъуащ

Ди къуэш щIыналъэм - Ставропольем - нобэ егъэлъапIэ и къалащхьэр зэраухуэрэ илъэс 246-рэ зэрыхъуар. Ставропольер тхыдэ къулей икIи щIыхь зыпылъ зиIэ щIыпIэщ. Абы щыпсэухэм ар сакъыу яхъумэ икIи щыгъэфIагъэкI IуэхуфIхэм къыхагъахьуэ. Ахэр игъащIэ лъандэрэ цIэрыIуэщ я гуащIэдэкI хьэлэлымкIэ, гу къабзагъэмрэ хьэщIэм хуащI пщIэмкIэ.

СТАВРОПОЛЬ краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэпхащ къакIуа тхыдэ гъуэгуанэмкIэ, яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ гуапэмкIэ.

Мы зэманым Ставропольем щокIуэкI Урысей Ипщэм щыпсэу лъэпкъхэр зыхэт, щэнхабзэмрэ спортымкIэ фестивалыр, «Кавказ джэгухэр» зыфIащар. Абы екIуэлIахэм яхэтщ Кавказ Ищхьэрэм хыхьэ щIыпIэхэм, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм, Донбассым я спортменхэмрэ творческэ гупхэмрэ. Абыхэм фIэхъуэ сэлам гуапэ ярихащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэ Чайкэ Юрий.

Дауи, Iуэхум хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа гупи. Республикэм къызэгуихащ и лъэпкъ пщIантIэр, ди артист щIрыIуэхэм уэрэдхэр екIуу яГъэзащIэ, спортсменхэр жыджэру зэхьэзэхуэхэм хэтщ.

Сигуми си псэми къабГъэдэкIыу сохъуэхъу си лэжьэгъум - Ставропольскэ крайм и губернатор Владимиров Владимир Ставропольем щыпсэу цIыхухэми Крайм и мазэмкIи фестивалыр къызэрызэIуахамкIи. Си гуапэщ ди Хэкум хуащхьэпэн ехъулIэныгъэ инхэмрэ зыуэщIыныгъэфIхэмрэ яIэну.

Щэнхабзэмрэ спортымрэ я зэхыхьэ ин

Урысейм и Ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ спортымкIэ фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри хэтащ.

КЪЫЗЭГЪЭПЭЩIАКIУЭХЭМ хьыбар къызэрыдагъэщIамкIэ, мы гъэм а зэхуэсым къызэрымыкIуэу куэд къыхьыхьащ. Кавказ Ипщэмрэ Ищхьэрэмрэ, Донецк, Луганск республикэхэм, Запорожьем, Херсон щIыналъэм къабГъэдэкIыу гуп 19 екIуэлIащ абы.

Фестивалыр «Спортыр ди гъащIэм и мардэщ» федеральнэ Iуэхум икIэ зэхашащ.

Ар къыщызэIуахым хэтащ УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэ Чайкэ Юрийрэ республикэхэм я лIыкIуэхэмрэ.

- Урысейм и хэгъэгу 16-м я лIыкIуэхэр щызэхуэсащ мыбы, - жиIащ Чайкэ Юрий. - Мы Iуэхум япэу къыхьыхьащ Луганскэ, Донецкэ республикэхэр. Мы зэхуэсым и инагъыр, къызэщIиубыдэр къэплъытэмэ, спортым зегъэужьынымрэ Урысейм и Ипщэ щIыналъэм хэку щэнхабзэр хэIущIыпу щыщIынымкIэ мы зэхьыхьэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, - жиIащ абы.

Спортсменхэм ехъулIэныгъэхэр яIэну, артистхэр гушхуэныгъэ щымыщIэну ехъэхуащ Чайкэ Юрий.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм а зэхьыхьэм лъэпкъ пщIантIэхэр щагъэуващ, абы и фIыгъэкIэ къызэхуэсахэр ди республикэм щыпсэухэм я щыIэкIэ псэукIэм, лъэпкъ хабзэхэм нэIуасэ хуэхъуащ. Лъэпкъ IэпщэлъапщIэхэм я Iэрыкlэхэр, художественнэ тхыгъэхэр, хьэкъущыкъуэхэр утыку къыщрахьащ абы. КъБР-м и Лъэпкъ музэйм декоративно-прикладнай гъуэзджэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэрагъэпэщащ абдеж.

Щэнхабзэ дауздапщэхэм хэтащ гъуэзджэм и пэжькIуэхэмрэ республикэм и творческэ гупхэмрэ.

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Херсон областымрэ я зэпыщIэныгъэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и пщэрылъхэр яГъэзащIэкIэрэ, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпIэным теухуа Iуэху дахэ Херсон областым къыщызэрагъэпэщащ. ГуфIэгъэ зэхьыхьэхэм ди щIыналъэм и лIыкIуэхэр хэтащ.

СКАДОВСКЭ къалэм и курыт еджапIэ №21-м щекIуэкIащ «Дэ дызэгурыусащ» щIалэгъуэлэ егъэджэныгъэ зэхуэсыр. Абы хэтащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министерствэр, щIалэгъуалэ, волонтёр, спорт зэгъыхьэныгъэхэм хэтхэр, «Япэ итхэм я урыс-сейпсо зэщIэхьееныгъэ» щIыналъэ къудамэм хэтхэр. КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Лу Азэмэт захуигъэзащ Херсон областым и Скадовскэ, Голопристанскэ округхэм щыщ щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ. Абы къыхигъэщащ зэхуэсым и программэр зэрыщIэщыгъуэр икIи щIалэгъуалэм я зэфIэкIхэр къызыкъуахьым ар зэрыхуэунэтIар.

- ФызэдгъэщIыхуну, дызэпсэльэну, зэхьыхьэхэм, Iуэхуэхэм дызэдыхэтыну дыхуейщ, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Херсон областымрэ я щIалэгъуалэм ди къэралым нэхъри зрагъэужьын папщIэ. Зэхуэсым волонтёрхэм я лэжьыгъэхэм зыщыщывгъэгъуазэ хъунущ, щIэныгъэ, спорт я лъэныкъуэкIэ фи зэфIэкI фыщеплъыжьынуи Iэмал фIэщ, - жиIащ Лу Азэмэт.

Зэхьыхьэм хьыкъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Скадовскэ, Голопристанскэ округхэм я щIалэгъуалэм спорт Iэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр, телевизор, стIолыщхьэм зэрыщыджэгу Iэмэпсымэхэр, ныбжьыщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа сурэтхэр, Iэфыкlэхэр тыгъэ хуащIащ.

Абы ирихьэлIэу, Скадовскэ округым ЩэнхабзэмкIэ и унэм деж къалэдэсхэм шыгъупIастэкIэ щрагъэблагъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр. КъБР-м лъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор иригъэкIуэкIащ лъэныкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, дин Iуэхущ1апIэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэ. Абы щыжаIащ Херсон областымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэрызэдэлажьэм иджыри зрагъэужьыну, я зэныбжьэгъугъэр агъэбыдэну зэрамурадыр.

- Ди зэIущIэр щхьэпэ хъуащ, щIыналъэхэм ди жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр лэжьыгъэм ехьэлIа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэмкIэ дызэхуэжащ. IэщагъэлIэхэм я зэфIэкIхэр къагъэлъэгъуащ, ди щIалэгъуалэр Скадовск къикIахэм яIущIащ. Зэхуэсыр къыдэхъулIауэ къызолъытэ, дяпэкIи ди зэпыщIэныгъэм пытщэну сыщогугъ, - жиIащ КIурашын Анзор.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъэр» къэфакIуэ ансамблхэм, Музыкэ театрым и уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэхэм, КъБР-м и щIыхь артист Текуев Амур сымэ кърихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ. КъищынэмыщIауэ, махуэшхуэм и программэм хыхьэу къызэрагъэпэщащ «Гъагъэ, си Къэбэрдей-Балъкъэр» выставкэр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIыналъэ щIыкIуми, абы щыпсэухэм мыхьэнэ зиIэ Iуэху инхэр зэфIагъэкI, къыддоIэпыкъу. КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуэфащэщ и унафэкIэ Скадовскэ районым куэд зэрыщызэфIагъэкIам папщIэ. Ар ди зэныбжьэгъугъэм и щIэдзапIэу аращ. Ди щIыналъэм щыпсэухэм нобэ зыхагъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм къадекIуэкI щэнхабзэ, хабзэ дахэхэм. Псом хэмыдэру лъэпкъ къафэхэр дигу ирихьащ, - жиIащ Скадовскэ муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэ Швайкэ Сергей. - Махуэр гукъинэж хъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу абы щыпсэухэм дохъуэхъу мамырыгъэ, ехъулIэныгъэ, узынщагъэ яIэну.

- Гуапэу драгъэблэгъащ. Артистхэр я зэфIэкI еблэжакъым. Зы унагъуэшхуэм исхэм хуэдэу гулыитэ хэха къытхуащIащ. Херсон областым щыпсэухэм я унагъуэхэм гуапагъэ илъыну, узынщэу, зэIуэзэпэщу псэуну сохъуэхъу! - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин.

Махуэшхуэм хыхьэу лъэпкъ фащэхэр, дыщIэзэкIэ, пхъэм, яIтэ гъэжьам къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр яГъэлъэгъуащ, мастер-класс ятащ. Махуэшхуэм хыхьэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я шхыныгъэхэри яГъэлъэгъуащ. Апхуэдэщ лэкъум, дэлэн, къхуэй, Iэфыкlэхэр, пхъэщхьэмыщIыкъэхэр. Бысымхэм щIэщыгъуэ ящыхьуащ ди республикэм икIахэм хьыршын гъэхьэзырыныкIэ ята мастер-классыр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Ди къуэш республикэхэм

Школхэм, сабий садхэм ядоIэпыкъу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Парламентым промышленностымкIэ и комитетым и унафэщI шынахъуэ Кърым КъШР-м и Къэбзэ районым щыщ Зеикъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэм и шхапIэр сыткIи зэпэщ иригъэщIащ. Апхуэдэуи КъШР-м и ЦIыхубэ зэхуэсым и депутат Гуэн Игорь «Зёвздочка» сабий садым къахуищэхуащ абы и шхапIэр щыгъэрагъэпэщыжкIэ ирахьэлIэну ухуэныгъэ материалхэмрэ пщэфIапIэм папщIэ техникэрэ.**

Курыт еджапIэм и унафэщIэхэми лэжьакIуэхэми Щынахъуэ Кърым фIыщIэхуэр хуащI къазэрыдэIэпыкъуам папщIэ. «Уи фIыгъэкIэ ди школ шхапIэр нэху, зэIуэзэпэщ хъущ», - къыхигъэщащ школым и унафэщI Уэрзалий Ларисэ.

Апхуэдэуи «Звёздочка» сабий садым и унафэщI Дыщэкl Iэсият КъШР-м и Парламентым и спикер Иванов Александр хуигъэхьащ депутатым фIыщIэ зэрыхуащI тхыгъэ гуапэ.

Зыми хуэбгъэдэфынукъым



АДЫГЕЙ. **Республикэм и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат щыналъэм щыпсэухэм къэхъуэхъуащ Унагъуэ жьэгум и махуэмкIэ.**

«АДЫГЕЙМ щагъэлъапIэ гуапагъэкIэ гъэпсащ, Унагъуэ жьэгум и махуэр. Унагъуэ лъапIэныгъэм, сабийр гъэсэным, Iыхьлы зэпыщIэныгъэхэр хъумэным пыщIа хабзэхэм сыт щыгъуи пщIэшхуэ щыхуащI Урысейм. Псом хэмыдэу абы хуэсакъыу тетщ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэр.

Унагъуэр сыт щыгъуи лъапIэныгъэ нэхъыщхьэщ, ар и пIаБжьэщ зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ. Абы щIыхуэр зэпещIэ псэкIэ, яхэлъ жэуаплныгъэкIэ.

Унагъуэ жьэгум и хуабагъэр зыми хуэбгъэдэфынукъым. Ар сыт щыгъуи ди деж хъума щрехъу, ди адэжь лъапIэсэр, абы пыщIа Iуэху гуапэхэр дигу къиГъэкIыжу. Абы къыпрыращэ щIэблэ куэдым.

Дэтхэнэ унагъуэри абы исхэм я къару къигъэхъуапIэ ирехъу, сыт щыгъуи сабий макъ жьгъыру щыIу, таурыхьэр щыжаIэу, нэхъыжьхэм пщIэ щыхуащIрэ зыр адрейм щыдэIэпыкъуу. Си гуапэщ Адыгейм и дэтхэнэ унагъуэми сыт щыгъуи хъыбарыфIхэр илъыну, узыгъэгуфIэ хэхуэхэр яIэну», - щыжаIэ Адыгейм и Iэтащхьэм и хьэхъуэм.

Журналистхэм я семинар

АБХЪАЗ. **Республикэм и къаладащхьэ Сыхъум дэт «Мэзкуу и унэ» щэнхабзэ-Iуэху зехьэпIэ центрым фокIадэм и 15 - 16-хэм щекIуэкIащ щIыхуэгъэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я семинар.**

АБЫ ХЭТАЩ журналистикэм фIыуэ хэзыщIыкIхэр, а Iэнатlэм хьыкагъащIэхэр, апхуэдэуи министерствэ, ведомствэ, Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унафэщIэхэмрэ пресс-Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ.

Семинарым и спикеру щытащ журналист, блогер, спорт комментатор **Чекунов Игорь**, гъунэгъу къэралхэмрэ Балтиемрэ щыIэ Sputnik мультимедийнэ центрхэм я дирекцэм и продюсер **Кабанов Марие**, бжыгъэ коммуникацэхэмкIэ стратег **Челоткнов Игорь**.

Семинарым хэта дэтхэнэми сертификат иратащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Лъэпкъ зэхыхьэхэр

Адыгей кхъуейм и махуэшхуэ

Тхьэмахуэ блэкIам и щэбэтым яублэри, Адыгэ Республикэм и Мейкъуапэ районым хыхьэ Дахъуэ кIейм махуитKIэ щызэхэтащ Адыгей кхъуейм и щIыналъэпсо фестивалышхуэ. Унэкхъэжь бгылъэ щIыпIэм пэмыжьжьэу къызэрагъэпэща а лъэпкъ, щэнхабзэ, хьэрычэтыщIэ зэхуэс иныр иджы 12-нэу щрагъэкIуэкI гъунэгъу адыгэ щIыналъэм. Абы къырихьэлIат АР-м и Iэтащхьэ Къумпыл Мурат, республикэм и Министрхэм я Кабинетым хэтхэр, абы и министерствэхэм я унафэщIхэмрэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ, нэгъуэщIхэри. АР-м и Министрхэм я Кабинетым къыхилъхьа жэрдэмым ипкъ иткIэ илъэс бжыгъэ хъуауэ зэхашэ махуэшхуэм хэтащ КъБР-м, КъШР-м, гъунэгъу щIыналъэхэм, хамэ къэралхэм къикIа цIыху куэд.

КъУЛЫКЪУЩIЭХЭМИ унэгъащхэмри, балигъхэми ныбжьыщIэхэми, цIыхухъухэми бзылъхугъэхэми, хэкурыскэми хамэ щIыпIэхэм къикIахэми – псоми зэхуэдэу яфIэхьэлэмэт махуэщIыр гъэщIэгъуэну, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ хуэдизкIэ гъэнщIауэ екIуэкIащ. Фестивалым къырихьэлIа псоми фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат.

- Къэралым, дунейм и щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуа ди адыгей кхъуейм и щIыхькIэ нобэ ди республикэм 12-нэу щызэхэтша гуфIэгъэ зэхуэс иным къырихьэлIа псоми сэлам фызох. Ди гуапэ зэрыхьущи, мы Iуэхугъуэр щIыналъэм зэрыщедгъэкIуэкIынум и хъыбарыфIыр нэхъапэIуэкIэ щызэлъащIысащ Кавказ Ищхьэрэми гъунэгъу щIыпIэхэми. Абы и щIыхьэтщ нобэ Iуэхум кърихьэлIа нэгузегъэужьакIуэхэм ящыщ куэдым республикэм зэрыщыIэну я зыгъэпсэхугъуэр мы махуэхэм зэрытрагъэхуар, Адыгейм кхъуейм щращIэкI дауздапщэ хьэлэмэтым щыгъаззэ зыхуащIын, езыхэри абы жыджэру хэтын папщIэ, - жиIащ КъумпIылым. - Къыхэзгъэщынщи, зызыужь, efIакIуэ зэпыту екIуэкI ди щIыналъэм зыщеузэщI экономикэм и унэтIныныгъэ куэдым. Къуейрэ абы къыхащIыкI ерыскъыпхъэхэу нэгъабэ и закъуэ тонн мин 26-рэ щащIащ республикэм. Ипэ ита илъэсым ебгъапщэмэ, ар процент 20-кIэ нэхъыбэщ. Ди кхъуейр щыцIэрыIуэр Адыгейм и закъуэкъым, атIэ Урысей Федерацэм хыхьэ щIыналъэ куэдым щызэбграх, щIэупщIахуэ иIэу. Адыгэхэм ди лъапкъ шхыныгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ кхъуейм нобэ хуэзхэтша дауздапщэр абы кърихьэлIа дэтхэнэми гукъинэж дахэ хуэхъун папщIэ, махуэщIыр кхъыззыгъэпэщащэм ялъэкI псори зэращIэнум шэч хэлъкъым. Зывгъэпсэху, адыгей кхъуейм, нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэми къахэщIыкIа лъэпкъ шхын зэмылIэужьыгъуэхэр зыIувгъахуэ, фи нэгу зевгъэужь, ди къуэшэ, ди хьэщIэ лъапIэхэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Адыгей кхъуейм и махуэшхуэ

(ЩIэхыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Мейкъуапэ кьалэм и унэхъыщхьэм 2012 гъэм япэ дыдэу щрагъэкIуэкIа махуэшхуэм и купщIэкIи, и теплъэкIи зиужьащ, Iэужъуэ хьэлэмэт куэди кьыхьыкащ. Дахьуэ губгъуэм щагъэуват лъапсэ пщIантIэкъым, абы къыщыхэIуахат кхъуейм кьыдэкIуэу, нэгъуэщI гъэшхэкIэрэ, хьэпшып цIыкIухэри, саугъэт хьэлэмэтхэри щащэ жармыкIэкъэр. Щыкъэт лъэпкъ IэфIыкIэхэр, гъэхъыжьхьэ-лыуэр, зэкIэрысыр, хъарбыз фор, апхуэдэуи лэкъымыр, быр, пластэр, шыпсыр. Лъэпкъ пщIантIэхэм бысымхэм ираугъоблагъэт махуэшхуэм кьеIуэлIаэхэр, адыгей кхъуейм и лIэужьыгъуэхэм хьэлэмэту ежьхьэлэмэтэ сэлъхьу, ар куэду зытет Iэнэ кьыхуащтэу. Яэынкьуэу пщIантIэхэм унэгуащэхэм щагъэлъэгъуащ кхъуей зэрыхах щыкIэр. Абдеж щыхахагъащIэ кхъуей хуабэр, шэжьипс кьызыпыжьыр, дауи, Iэфыщэт.

Лъэпкъ пщIантIэхэм дыхьэупс абыхэм махуэшхуэм кьышыхуэзрагъэпэщащ Iэужъуэрэ псоми, гъэлъэгъуэнгъэ гъэщIэгъэнэхэри кхъыныжкIэ мастер-классхэри яхэту, щыгъуазэ зыхуащIащ республикэм, абы и кьалащъхьэмрэ хиубыдэ щыпIэхэмрэ я пашэхэм. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм хуэдэу, дауэдапщэм жыджэру хэтащ аужэр. ЦIыхухэм уаэрпльэмэ, гу лъыптэрт АР-м щэнхабзэмкIэ и министр Iэулъэ Юрэ, АР-м Лъэпкъ Iэужхуэм, хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъуэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и коммитетым и пашэ Щхьэпахъуэ Асэхэр, Мейкъуапэ кьалэм и администрацэм и Iэтащхьэ Митрофанов Геннадий сымэ, нэгъуэщI кьэрал кьулыкъущIэхэри жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэри махуэщIым кьрихьэлIаэхэм епсэлъалIэу, Iужъуи ехьэлIа хьыбар хьэлэмэтэкэ ираIуэрыIуплIэу зэрах.

Къинэмышlауэ, Адыгей кхъуейм и фестивалым хэтащ АР-м Лъэпкъ щэнхабзэмкIэ и центрым и Iэщlагъэлlэхэр. Абыхэм къызэрагъэпэщащ лъэпкъ IэпщlэльапщlагъэмкIэ, Iэрыщ гъуаз-джэмкIэ гъэлъэгъуэныгъэ-жармыкIэ хьэлэмэт. Центрым и лэжьыгъэм щыгъуазэ зыхуэзыщIа республикиз Iэтащхьэми адрей къулыкъущIэхэми а псори хуабжьу гунэс ящыхьащ. Съпльэгъуэныгъэм кърахьэлIа хьэпшып хьэлэмэтхэм ящыщт пхъэм, мывэм, ятIагъуэм кьыхэщIыкIаэхэр, апхуэдэуи дыщцидз хьэпшыпхэр, сурэтхэмрэ Iэмэпсымэ гъэщIэгъэнэ щIыкIуэхэмрэ. Абдеж дыдэм Iэпщlэльапщlэхэм щрагъэкIуэкIащ мастер-классхэр. Тхьапэщхьэ щIыпIэ зыхэпъ хьэпшып дахэхэр пхъэм кьыхиIуащIыкIащ бжьэдыгъу щIалэ Къуэстэкъуэ Руслан, адыгэ арджэн екIу абдеж щызэIуищащ абазэхэм ящыщ Даур Рэмэзан, дыщцидэмкIэ дерс гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ зи Iэпэм дыщэ кьыпышхэу кIэмыргей пщащэ Сет Софят, шапсыгъ бзылъхугъэ Мыгу Руэзаннэ, къэбэрдей цIыхубз БытIэ Азэ сымэ, ypыс лъэпкъым щыщ Волгин Александр ятIэгъэкIыргъкIэ ятIагъуэм кхъуэщIын пщэ псыгъуэ ныбэф дагъэкIей кьыхиущIыкIат. Махуэшхуэм кхърихэлIа куэдым ягу ирихьащ адыгэ лъэпкъ псоукIэр зи лъабжьэ, бгъэIэпхъуэ хьу унэ-музейр. «Лъэужь» фIэщыгъэр зиIэ а лъэпкъ проектым и жэрдэмщIакIуэри кьыззэыгъэпэщащри «Матэ» адыгей кхъуей лIэужьыгъуэр щащI Iэужхуэ Iапlэм и унафэщI, бесIыэней хьэрыкIэтыщIэ щIалэ жыджэр Цыщlэ Къазбэчщ.

Фестивалым утыку кьришат адыгэхэм я мызакъуэу, къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я лIыкIуэ куэд. Жыпlэнурамэ, гуфIэгъуэр хьуат лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, зыуэщIыныгъэм я махуэщI.

А псоми къадкIуэу фестивалым и утыкуэшхуэм щекIуэкIащ Шу Хасэм кьызэрыгъэпэща шыгъажэ, кхъуейм-рэ адрей лъапкъ шхыныгъуэхэмрэ ятещIыкьа зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, сабийхэм папщIэ зэхьэзэхуэ хьэлэмэтхэр, аттракционхэр лажьащ, цIыху куэд зыхэта хкъуейлIыжькIэрыщIэ гъэщIэгъэныгъэ, нэгъуэщI IужъуГъуэхэри. Республикэм и Джаджэ районым гъэшхэкIэм щелэжьу щыIэ заводым и Iэщlагъэлlэхэм кьыхалъхьэри, мыгъэрей фестивалым хьэлэмэту щызэпеуад кхъуей зыфIэфIхэр. Iужъущlапlэм гъэунэхуныгъэхэр щрагъэкIуэкI и лабораторэм и пашэм и къуэдзэ Гырыжь Маринэ зэрыжиIамкIэ, заводым и унафэщIым я жэрдэмым тету, мыбдеж щрагъэкIуэкIащ адыгей кхъуей зэгъуэзу шхынымкIэ цIыху куэд зыхэта флэшмобыр. Гранм 70 - 100 хьуэрэ зэпагъэлъэлъа кхъуей IыхьэцIыкIухэр зэпеуэу зэдащхащ махуэщIым кьеIуэлIаэхэм ящыщу цIыху 254-м. Хэт нэхъ псынщIэу нэхъыбэ зимыыпрэ, жалэу кхъхалъхьа зэхьэзэхуэм щытекIуар бгъэнэIуэну тынштэжьым, атIэми, апхуэдиз цIыху зыхэтар хьэлэмэтт икIи гукъыдэжьыр кхъзыIэтт. Нэхъыщхьэращи, эксперт-кIэльыплъакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, абдеж щагъэуващ кхъуей зэгъуэгу шхынымкIэ урысейпсо рекорд. Ар иратхэнущ «Урысейм щагъэувна рекордхэм я тхылъым».

КхъкIэлъыкIуэ махуэми пащащ гуфIэгъуэм. Iужъум и кIэухыу хэIущIыу ящIащ абы кхъыщIэзрагъэпэща зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм пашэ щыхъуахэр. Апхуэдэхэт лъапсэ пщIантIэхэм я нэхъыфIыкIа лъытэ Куэшъхьэблэм щыщхэм кхъызэрагъэпэщар, ерыскъы нэхъ IэфI дыдэ зыпщэфIаэу кьалъытахэу Адыгейскэ кьалэм щыщ Хьэжкиз Замирэрэ Джаджэ районым и лIыкIуэ Гъыш ФатIимэтрэ. Тохъутэмыкъуей районым щыщ Ахмыжь Мысырхэн хуагъэфэщащ «Адыгей кхъуей нэхъыфI дыдэу зыщI» саугъэт зыплIэр.

Гуфlэгъуэр щекIуэкIа IужъуГъуэ псори я кьызэщIыкъуэжу, абы кьекIуэлIа журналистхэм иужькIэ яхуэзащ Кьумпlыл Мурат. ЗэфlагъэкIа-лъжьыгъэмкIэ арэзы хьуа Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ ар къезыхьэлIа псоми. Абы зэрыжиIамкIэ, фестивалым дlпэкIи пащэнущ, «Адыгей кхъуей» фIэщыгъэ цIэрыIуэр нэхъри нэхъ хэIущIыIу ящIу. ДляпэкIэ ар щрагъэкIуэкIыныр, Iэтащхьэм и псальэм кьызэрыжиIэщамкIэ, Шкъэгущэ (Белая) псым и сэмэгурабгъу Iуфэм кьедза Дзгъуэкъуэу губгъуэм деж. Мы зэманым абы щокIуэкI ухуэныгъэ Iэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Кьумпlылым жэуап яритащ журналистхэм зэрызыхуагъэзэа упщIэхэм. Фестивалым ирагъэблагъэ, «Адыгэ псальэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жылпасэ Заурбэч и упщIэ теухуат «Адыгей кхъуейм и фестивалым» и Гъунапкъэжр нэхъри ишэщыным - гъунэгъу адыгэ щIыналъэхэри абы кьызэгъэкьауэ, зэхуэсми «Адыгэ кхъуейм и фестиваль» фIэщыгъэр епт щхьэ мыхьурэ? Абы и жэуапу щIыналъэм и Iэтащхьэм жиIащ «Адыгей кхъуей» фIэщыгъэр къэрал псом цIэрыIуэ щхьэхуэ саугъэт фIэщыгъэу зэрыщытыр икIи юридическэ и лъэныкъэкIэ кьару зэриIэр. «Абы кьыхэкIыу фестивалым и цIэр апхуэдэу кьанэмэ, нэхъыфIщ, атIэми, «Адыгэм хьэщIэ и щIасщ», - жыхуиIэращи, ди гуапэщ ди кьуэш Къэбэрдей-Балъкъэрри Къэрэшей-Шэрджэсри абы кьыхьыхьэмэ», - къыхигъэщащ Кьумпlылым.

Фестивалыр ягъэдэхащ абы и утыкуэм кьыщыззэрагъэпэща концерт зэмылIэужьыгъуэхэм. Iужъуи жыджэру хэтащ «Мейкъуапэ и пшэнлъэхэр» творческэ гупыр, республикиэм и артистхэр, нэгъуэщIхэри. Ди республикэм икIауэ концертым хэтащ зи уэрэдхэр куэдым фIыуэ ильагъу, Кавказым и артист вагъуэжэм хальытэ Хьэжкиз Зарифэ Султlан. IэгъуэщIхуэхэм щIэту адыгэ щIалэм игъэзэщIа уэрэдхэм гур кьызэщIалэтэрт, псэр яхьэхурт, лъэр ягъэжанырт.

Лъэпкъ щхьэныгъуэм и щIыкIэ зэхаща махуэшхуэм кьримыхьэлIафахэм папщIэ «эфир занщIэ» кьыщызэрагъэпэщат «Вконтакте» Интернет напкIуэцIым.

МахуитIкIэ екIуэкIа гуфlэгъэр зэхуащIыжащ адыгэ джэгу екIуэкIэ. ИужькIэ пщыхьэщхьэм хьэрэкIытIэ зэмыфагъуэхэр ягъэлъэтащ. Абы хэтахэм феепль сурэт хуэд зытрагъэхащ, и Iужу дахэм и гукъэкIыж хуэм хуэдэу.

КЪАРДЭН Маритэ.
Налшык - Мейкъуапэ - Налшык.

Яхуэфащэ увыпIэр егъэгъуэтыжыпхъэщ

**Адыгэбзэр пхъуантэ мытIэщIым хуэдэщ. Зы къыхэбгъуэтамэ, нэхъыбэж къыпхукъуегъэплъ. Урипсалъэ къудеймэ, зэбгъэщIэгъуэкIыжу жыIэкIэ хьэлэмэтхэр къыхэхуэнущ, Iужу пщIыпрэ ухэплъапэмэ, и щхьэфэм телъу, ауэ гулъытэ ямыгъэзэтауэ псалъэ телъыджэхэр къыщIэщынущ. ХамэщI щыпсэу адыгэхэм зи цIэр фIыкIэ нобэми къаIуэ Щоджэн Алий адыгэбзэр псынэщIэжым щIригъэщхьыр арат. «Зэ къыщIэгъалъэрэ ухэIубэмэ, къыпIуроIэфIэ, етIуанэу къыщIэбгъэбрэ ухэфмэ, узыIэпешэ, ещанэу къыхэпхым гуфIэуещI», - жиIэрт тхьэмадэм. Апхуэдэу щыIэжьым зыщъуэсигъуэ иIэт Алий: езыр хъыбарIуатэ Iэзэт, тхыдэжьрэ пшынальэу зыщыIуаэзэм щIэи гъуни иIэтэкъым, зэ жиIам етIуанэу къыщIытрагъэзэжкIэ, зэхьумыхахэр хигъэхъуэжурэ икIи щIэщыгъуэ гуэрхэр хилъхьжурэ зэпигъэувэжырт. Нэхъыхьыфым и адыгэбзэм мащIэ зэIущIи зыкъыщIащIылIакъым. Абы и лIэужьыгъуэу жыпIэ хъунущ адыгэбзэм щыщ Iуэхуэгъуэхэм ехьэлIауэ Хэкуми мызэ-мытIэу къыщIатэт уэрэшэр дауэхэр.

ИлъэС зыбжанэкIэ уэзIэбзэкIыжмэ, зы гуп дыгъэI сахэхуэгъат, лъэпкъ тхыдэмрэ Iуэрыlуатэмрэ ехьэлIа гупсысэжэр щхьэж зэрыкъуэзфIэкIкIэ къыщиригъэкIыжащ. Аурэ «р» макъымкIэ кьригъажьэу адыгэбзэм псалъэ хэту пIэрэ, жиIэри зы щIалэ щIэупщIащ. Зыкъомрэ гупыр ириныкъуэкъуащ абы, икIэм-икIэжьым къызэтеувыIари нэхъыбэм зэдащIэ «рыгуэ» псальэращ. Ари зищIыс дыдэр техуэрабгъуу яхуэгъэзэхуэкъым. Зыгуэр яхэплъхь хъунут, арщхьэкIэ гупсысэм зэрызиукъуэдиин тегъэщIапIэрэ щIэныгъэрэ хуэныкъуэти, псалъэмакъыр абдеж щыуяжьащ.

Дауи, нобэ зетхъэ бзэм уэкъыпхърыпсэлъыкIмэ, абы къызэщIиубыдэ Iэзхугъуэ куэд Iащlыб тщIынущ. Лъэпкъыр зэкъуэчъа зэрыкъуэм зыкъом Iэщlигъэхуащ, тхыдэ къэхъуэкъащIэхэм я ягъэкIэ нэхъыбжьи фIэкIуэдащ. Апхуэдэу щытми, къызэтена адыгэ псэлъэкIэхэр зи гугъу тщIа псынэщIэжьым хуэдэщ: зым имыхъужар адрейм дежь къыщыбгъуэтыжьыфыну Iэмал щыIэщ. Дунейр щыкIу зэрыхъуам икIи адыгэхэр зэрызэпъэIэсым я фIыгъэкIэ адыгэбзэ утыкум псалъэрэ жыIэгъуэу куэд кхъыжьажащ.

Iуэрыlуатэ зекIуэжам псалъэ куэд щыттхьжьыну икIи щызэхуэтхьэсыну Iэмал диIащ. Апхуэдэу Интернетым и утыку зэмылIэужьыгъуэхэм псэлъэгъу къыщытхъэуа, адыгэбзэм фIыуэ зыщIэ икIи ар зи Iэщlагъэ ди лъэпкъгъуэхэми я щхьэпэ къыдэкIащ. Абдеж щекIуэкIа псалъэмакъхэм акъыл зэхэдзэкIэ Iэнэ адыгэбзэм дунейм къытригъэхьэжащ. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъуэну зэхэтащ «р» макъымкIэ къригъажьэ псалъэхэм ехьэлIа уэрэшэрр. Интернетым кьидгъэува текстым щызэхуэдзысат «р»-кIэ къригъажьэу кьэбэрдей адыгэбзэм хэт псалъэхэр икIи абдеж щытедгъэныхьхьат ар щыз зэрымыхъуар, ары уэрэшэр кьыкъуэкIыжьинкIэ хъунми дызэрыщыгугъри къыхэдгъащат. ЗэрыжытIам хуэдэуи, Къэрэшей-Шэрджэсым и лъэпкъ телевиденэм хъыбарыщIэхэмкIэ и къудамэм и редактор, зэдзэкIакIуэ Брат Муратрэ усакIуэ гъэщIэгъуэн, егъэджакIуэ Iэзэ Бемырзэ Зурабрэ зи гугъу тщIы псалъэ Iэрамэр фIыуэ кьагъэбэтащ.

Мы тхыгъэм и гугъу щытщIыркъым псалъэхэм я къежьакIэм, дытепсэлъыхьркъым абыхэм я гъэпсыкIэм. Дэ щIэджыкIакIуэм и пащхьэм итлъхьэр псалъэ хьэзыру бзэм щызекIуэхэрщ (е щызекIуэхэрщ), гурыуэныгъэ пыухыкIаэр къэзыгъэльагъуэхэрщ. Дыщогурэ ахэр адыгэбзэм къыщылъыжьыну, псалъалъэхэм къащылъыжьыну.

Рэгъу - фыгъуэ-ижэ зыхэлъ цIыхум щхьэкIэ жаIэ, «фыгъуэгъу» псалъэм кьикI дыдэ-ращ мыхьэнэуэ иIэр. Адыгэбзэм куэд дыдэрэ къыщIапсэлъу щытткъым.

Рэкхъэ/урэкхъэ - къэзэуатхэм, зауэзэрылIхэм я хьэдхэр зыщIэлъ кхъэ, жыхуиIащ. Иорданием щыпсэуа хьыбарIуатэ Мыгъуэлl Садыкъ и хьыбархэм кьыхэхуа псалъащ, нэгъуэщIыпIэ дыщрикьэлIакъым.

Рэш//арэш - шэдхэм я щIыпм тIатIагъэ хэлъу кьытрищIа псыпцIэ пIащIэ щхъуантIэм аращ зэреджэр.

Рену - сыт щыгъуи, дапщэщи, зэпымычу, зэпымыууэ, жыхуиIэщ. Мы псалъэр адыгэбзэ псальалъэхэм ихуащ, иджырей адыгэбзэми хэмыкIуэдыкIыжауэ щызохIуэ.

Руматl - и джабзэр плъыжьну мэз щIырхэм, чыцхэм хэс бзу лъэпкъ цIыкIиущ. Къэбэрдейм куэд дыдэрэ ущрохьэлIэ. «Пщэдджыжь жьыуэущIым дэущэ руматIым гуащэм зыдеужь...», - кьрегъажьэ Хьэтlохъущокъуэхэ я гуащэм и хъыбарыр Щоджэн Алий. УрысыбзэкIэ «зяблик» жыхуаIэращ. Псалъэр адыгэбзэм хьума щыхъащ, псальалъэхэми ихуащ.

Румыщу - шы ешам и гуащIэр зэщIикъуэкрэ щIэущыкIыу теуэгъуэм щыщу кьэнар икIужмэ, «румыщу нэсащ» жаIэ. Адыгэм щыр щIэзэрахуэу щьта лъэхъэнэм бзэм лъэрыхьу хэта псалъэщ, Iэнейлэ нэхъыжьхэм кьаIуэтэж хъыбархэм нобэми ущрохьэлIэ.

Рыlунэпцlий - шабзэшэм и пэм фIагъэтIысхьэ гъущIыкIэ папцIэ.

Рыбжэ - зи псэр зытыну хьэзыр зауэлIхэм зэдыжьаIэ уэрэд лIэужьыгъуэ. «Рыбжэр ежьэмэ, Псатхъэм уеиыджэ», жаIэ.

Рыблэ - гуэр (щхъуХь) зимыIэ блэ лIэужьыгъуэщ. «Рыблэ баашэрэ мастэ уэурэ» жаIэ, уэзыщышынэм укъелу, уэзыщымыгугъам уихьыжьынщ, жыхуаIэу.

Рыгуэ - мызэ-мащIэ зыбжанэ зиIэ псалъэщ: 1. Хур гухъуэкIэ ягу, къыщIэщащ гугъэр гухъунэм из ящIри, хьэжьыгэр пхъашэу кьагъэнэнымэ, зэрыхъуэжьым гухъуащхьэкIэ йоджэ, хьэжьыгэр щабэ ящIынымэ, зэрыхъуэжьым, рыгуэкIэ йоджэ. 2. Зи кумбыгъэр мыкуу гухъунэ лъахъшэм щхьэкIи апхуэдэу жаIэ.

Рыжь - жьы хъуа, ауэ зи кьару иджыри илъ цIыху. ЦIыху рыжьщ, жьырытэджщ, жаIэ.

РытI – хуэпсыгъуэ кIыхьу етIэкIа кумб, урысыбзэкIэ «траншея», «окоп» мыхьэнэхэр иIэщ.

РыуатI - псыпцIэ сэбсэтIым (шэдым) хэфыхь удзымрэ ятIэмрэ кьаахкI гъэсыныпхъэм, «торф» жыхуаIэм, адыгэбзэкIэ аращ зэреджэр.

Рыуд - зауэ хъуамэ, мывэкъащхьэр, быдапIэхэр зэрагъэщащэ Iэщэ лIэужьыгъуэ.

И мыхьэнэ дыдэр тхуэзэкъыгъэкIауэ, ауэ Iуэрыlуатэм дыщрохьэлIэ «рыбжь»-псалъэми. Куэшхьэблэ щыщ Лъеинщэ Iуэпэдин дигъэтхьжа къебжэкIым ущрохьэлIэ абы. Мис а пычыгъэр:

Дзадзэрэ Дзадзэрэ эзш-зэшыпхъукъэ, жи,
Дзадзэ Iэгъэужьыркъэ,
Лагъэ гъэрыбжьэкъэ,
Къаз рэгъалэкъэ.
Дзадзэр пхъащIэ Iэзэкъэ, зиунагъэ.
Iэбжьэр егъалъэкъэ,
Iэшэкъур егъэнщIкъэ.
Бзэмрэ псэлъэкIэмрэ фIыуэ зэщхьащIкI. ЦIыхум кьипсэлъыр фIыуэ нэхъ мащIэщ зэрыпсалъэ бзэм кьызэщIиубыдэм нэхърэ. Арыхъэуи, мыхьэгъуэм хэтлъхьэфыну псалъэхэри зыхэпщIэу нэхъ мащIэщ. Лъэпкъым кьыздэгъуэгурыкIуа Iэщlагъэхэр, щIэныгъэ зэмылIэужьыкIыгъэщ, псалъэкIэхэр щыкIуэдыжьым е гуащIэмащIэ щыхъум дежь, псалъэхэри бзэм хокIуэдыкIыж е яIэщIоху. Аращ ахэр псалъалъэ щIигъэзэгъапхъэр, я мыхьэнэхэр гъэнэхуэу тхыгъэу щIэхъумапхъэр. Арыхъэуи, мы тхыгъэм кьыщытхъа псалъэ Iэрамэм иджыри кьызэрызэхъуэнум шэч кьытетхьэркъым.

ТАБЫЩ Мурат,
«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.

Хэкужь - пхъэжь мафIэ

ЛъэщыгъэкIэ зи хэкур зрагъэбгына ди лъэпкъэгъуэхэм я псэр мыбыкIэ кьоIэ, дыкъэкIуэжащэрэт жаIэу. Яэынькъуэхэри яхэшпсыхьыжащ зыхэс лъэпкъхэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи. ХьэщIэу хэкужьым кьакIуэхэри мащIэкъым.

ИНТЕРНЕТым адыгэ Iуэху щызэзыхуэхэм я напэкIуэцIхэм ящыщ зым сыщрихьлIащ цIыху гъэщIэгъуэн. Ар илъэс тIощIрэ тIурэ ипэкIэ Сирием кьIэпхъуэкIыжа КIэрэф Хъалидщ.

Хъалид цIыху гуащIафIэщ икIи хэкупсэщ. «Си хэкум, си лъэпкъым папщIэ си псэр сихуэтынущ!» - жаIэ абы. И ныбжьыр илъэс 24-м иту кьэкIуэжащ, «си хэкужь - пхъэжь мафIэ!» - жиIэри.

ИщхьэкIэ зи гугъу щысщIа Интернет напэкIуэцIыр кьызэIуэхэри аращ. Абы итхэр дыщцызэпсалъэм, тщыщ гуэрым хуэбгар диГъэщIащ Тыркым и Анталие къалэм мы пхъэзнэм щыпсэу ди лъэпкъэгъу Безыр Зэбит ди республикэм кьызэрыкIуамкIэ. ЗдеКIуэлIар Нарткъалэ дэс и Iыхьлы Безыр Iэхьед дежт. Хъалидрэ сэрэ мурад, тщыщ гуэрым ящыгъу дыкIуэну, зэдгъэщIыхунщ, и лъэр и хэкужь кьыщIрихьэжар, и гурыГъуэгурыщIэхэр зыхуэдэмкIэ деупщIынщ, жытIэри.

ДызэрыкIуэнум щыгъуазэ тщIа Зэбит кьыгъэплъэу щыст. Дыкъызэрилъагъэу, лIыщIыкъуэ и пащхьэр кьыфIекIуащ. ЛIы и хьэлтэкъыми, псынщIэуи игъэпщкIужащ. А псор и нэгум кьизджыкIащ, фIэхъус-сэламыр щызэтхыж.

- Сыту дэгъуэу сывгъэлъэпIа, си лъэпкъэгъу дыщэх! Сыту куэду сывгъэгуфIа! Нобэ нэхъ гуГъуэгъу Тхьэм кьывимыткIэ! - жиIэурэ, кьыдэхъуэхъуащ Зэбит. ЗыкьытщигъэнщIыртэкъым.

И гухэлъ-гурыщIэхэм дыщцыщIэупщIэм, кьыхихъэщащ зэрыхэкупсэр.

- Сэ гукъуэду нэхъыщхьэу сиIэр си Хэкужь сызэримысужырщ. СызэрыщIыкIу лъандэрэ абы и таурыхъ сыщIадэIуу сыкъэхъуащ. Си нэхъхуокI икIи согугъэ къэгъэзэжыныр зэгуэр кьызэхъуIэну, - жеIэ Зэбит. - Си адэм Хэкужьым и нэр кьыхуикIыу дунейр ибгынащ. «Фи къуэшхэр зэвгъэгъэтIыж!» псалъэр си щхьэм щызэжэрти, абы и лъэIур зэ теуэгъуэкIэ кьызэхъуIауэ согугъэ. Си кьуэшхэр зэзгъэгъуэтыжащ, 1984 гъэ лъандэрэ дызэкIэлъэокIуэ. Си псэр пытмэ, Хэкужьым къзэгъэзжьпэнущ...

АдэкIэ мыбдежьым къыщытхьынщ Зэбит иужьым телефонкIэ кьыджиIаэм ящыщ пычыгъуэхэр:

«Ди адэр Тыркым щыIэ КIуайсэр кьаIэм кьедза къуажэхэм ефэндыуэ щылIжьащ. Дзэм хэту, шэ кьытехуар и гум нэсри, 1957 гъэм дунейм ехьжащ».

«Сэ КIуайсэр сыкъыщыхъуащ. Къуажэм сыдэсакъым зэи. Адэм и анэр Егъэнхэ япхъущ, абазэщ. Си анэр Тхьэзэплъхэ ящыщщ. ДыцыкIуу, хамэ цIыху кьытхыхьэмэ, тыркубзэкIэ дызэпсальэрт. Ауэ, ди закъуэу дыкъэнамэ, абазэбзэкIи, кIаха адыгэбзэкIи, къэбэрдей псэлъэкIэкIи, зэрыжаIэу, бзиищмэкIи дызэрыщIэу дыкъызэдэхъуауэ».

«Си адэри Хэкум си япэжкIэ кьакIуэри, щыIащ фIыуэ. Сэри Урысеишхуэм, Москва лъэныкъуэкIэ ухуэныгъэ Iэзхуэм сыхэтащ, узбекри кьэзахъи си гъусэу, лэн IэужхэмкIэ сыIэщIагъэпIу. ИтIанэ, мыбыкIи сыкъэкIуащ. Зэлъабжьэгъуэр дызэрыльэгъуащ, дызэIущIащ. Иужькlэ, езыхэри Тыркым накIуэу, сэри сыкъакIуэу, зэманыфIкIэ дызэдекIуэкIащ, иджыпстуи дызэхуэIэфIу апхуэдэщ».

«Безырхэ Къэбэрдейм кIэ кьуажэр Псыгъэнсуц. Ди адэшхуэм и кьуэш дыдэм и кьэрылъхури Дыгулыбгъуей дэсщ. Безырхэ ящыщ ди къуэшри Нарткъалэ щопсэу».

«СызэрыщIыкIу лъандэрэ, Хэкум техуэ хъыбархэм сыщIэдэIуу сыкъэхъуащ. Ди адэшхуэм кьыдиIуэкIар си гум изыбдауэ, зэрызгъэзэщIынэм ноби яужь ситщ. Абы и кьуэхэм захуигъаэзри, «мобыкIэщ фи Хэкур, фи кьуэшхэр кьэбгъэтэжи фызэрыщIыху, сэ схуэгъэзэжыну сыигугъэкъым», - жаIэрIат. Ар зэрызэхэсх лъандэрэ си гум ильщ Хэкум кьэгъэзэжын Iэужур».

«Адэ Тыркым сыщылэжьа фошыгъу заводым 1984 гъэм сыкъыIукIыжауэ, Анкарэ сыдэсу, мы лъэныкъуэмкIэ никIри, профессор-егъэджакIуэ Сыкъун Хьэсэн нэкIуэу сыщытащ. Абы жеIат: «Безырхэ я нэхъыжьым хуэгъэзауэ тхылъ стхымэ, ептын?». «Естынщ. Мазищ дэкIмэ, згъэзэжынущ», - кьызэитжат жауат. Iэшlэсlыкъэ си къуэшхэм яIэригъэхьэжат. Абы иужькIэщ зэблагъэхэр нэхъ дыщызэрыгъуэтыжари».

КЪАНКЪУЛ Рае.

ЩIымахуэм хуэхьэзырщ

«Кавказ Ищхъэрэм и Россеи» Iэужщlапlэм и «Къэббалъкъэнерго» къудамэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и энергосеть Iэнатlэр сыт и лъэныкъуэкIи щIымахуэм хуиГъэхьэзыращ, комплексыр зэрылэжьэн хуей мардэм щIрагъэгъэн хуей хъуми, щIэгъуэзэн щымыIэу.

IУащlХЬэМАХУЭ лъапэр альпинизмэмкIэ, туризмэмкIэ, бгым лыжэкIэ кьежэхьнымкIэ Урысейм и центр нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ. Аращ хъэралым и энергетикхэм лейуэ я нэIэм щыщIэтыр.

«Кенделен» подстанцым жьы хъуа и ток зэбгрытыкIыпIи 9-м дагъэкIэ щылажьэ ток кьынытIэкэм я пIэкIэ - вакуум, электромеханикэ хъумапIэхэм я пIэкIэ микропроцессор пкъыгъуэщIэхэр щагъэуващ.

ЩIыналъэр электрокъарукIэ зыгъэнщI центрыр иджырей мардэхэм тету кьызэгъэпэщыным текIуэдэну сом мелуани 6-р энергокомпанием кьахуиутIыпщащ. КьищынэмыщIауэ, подстанцым и Iэщlагъэлlэхэм зэныжьыкIуэ щIалэ Хьэкужь Замирэрэ Джаджэ районым и лIыкIуэ Гъыш ФатIимэтрэ. Тохъутэмыкъуей районым щыщ Ахмыжь Мысырхэн хуагъэфэщащ «Адыгей кхъуей нэхъыфI дыдэу зыщI» саугъэт зыплIэр.

Гуфlэгъуэр щекIуэкIа IужъуГъуэ псори я кьызэщIыкъуэжу, абы кьекIуэлIа журналистхэм иужькIэ яхуэзащ Кьумпlыл Мурат. ЗэфlагъэкIа-лъжьыгъэмкIэ арэзы хьуа Iэтащхьэм фIыщIэ яхуищIащ ар къезыхьэлIа псоми. Абы зэрыжиIамкIэ, фестивалым дlпэкIи пащэнущ, «Адыгей кхъуей» фIэщыгъэ цIэрыIуэр нэхъри нэхъ хэIущIыIу ящIу. ДляпэкIэ ар щрагъэкIуэкIыныр, Iэтащхьэм и псальэм кьызэрыжиIэщамкIэ, Шкъэгущэ (Белая) псым и сэмэгурабгъу Iуфэм кьедза Дзгъуэкъуэу губгъуэм деж. Мы зэманым абы щокIуэкI ухуэныгъэ Iэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Кьумпlылым жэуап яритащ журналистхэм зэрызыхуагъэзэа упщIэхэм. Фестивалым ирагъэблагъэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жылпасэ Заурбэч и упщIэ теухуат «Адыгей кхъуейм и фестивалым» и Гъунапкъэжр нэхъри ишэщыным - гъунэгъу адыгэ щIыналъэхэри абы кьызэгъэкьауэ, зэхуэсми «Адыгэ кхъуейм и фестиваль» фIэщыгъэр епт щхьэ мыхьурэ? Абы и жэуапу щIыналъэм и Iэтащхьэм жиIащ «Адыгей кхъуей» фIэщыгъэр къэрал псом цIэрыIуэ щхьэхуэ саугъэт фIэщыгъэу зэрыщытыр икIи юридическэ и лъэныкъэкIэ кьару зэриIэр. «Абы кьыхэкIыу фестивалым и цIэр апхуэдэу кьанэмэ, нэхъыфIщ, атIэми, «Адыгэм хьэщIэ и щIасщ», - жыхуиIэращи, ди гуапэщ ди кьуэш Къэбэрдей-Балъкъэрри Къэрэшей-Шэрджэсри абы кьыхьыхьэмэ», - къыхигъэщащ Кьумпlылым.

Фестивалыр ягъэдэхащ абы и утыкуэм кьыщыззэрагъэпэща концерт зэмылIэужьыгъуэхэм. Iужъуи жыджэру хэтащ «Мейкъуапэ и пшэнлъэхэр» творческэ гупыр, республикиэм и артистхэр, нэгъуэщIхэри. Ди республикэм икIауэ концертым хэтащ зи уэрэдхэр куэдым фIыуэ ильагъу, Кавказым и артист вагъуэжэм хальытэ Хьэжкиз Зарифэ Султlан. IэгъуэщIхуэхэм щIэту адыгэ щIалэм игъэзэщIа уэрэдхэм гур кьызэщIалэтэрт, псэр яхьэхурт, лъэр ягъэжанырт.

Лъэпкъ щхьэныгъуэм и щIыкIэ зэхаща махуэшхуэм кьримыхьэлIафахэм папщIэ «эфир занщIэ» кьыщызэрагъэпэщат «Вконтакте» Интернет напкIуэцIым.

МахуитIкIэ екIуэкIа гуфlэгъэр зэхуащIыжащ адыгэ джэгу екIуэкIэ. ИужькIэ пщыхьэщхьэм хьэрэкIытIэ зэмыфагъуэхэр ягъэлъэтащ. Абы хэтахэм феепль сурэт хуэд зытрагъэхащ, и Iужу дахэм и гукъэкIыж хуэм хуэдэу.

КЪАРДЭН Маритэ.
Налшык - Мейкъуапэ - Налшык.

Дунейм щыхъыбархэр

Сом зы мелардэ яутIыпщынущ

УФ-м и Правительствэм сом зы мелардым нэс хухихынущ Мариуполь и кхъухь тедзапIэр зэгъэпэщыжьыным.

КЪЭРАЛЫМ и Iэтащхьэм пщэрылъ ящIащ УФ-м кьыхьхьэжа щIыналъэщIэхэм исхэм я псэукIэр Урысейм и адрей щIыпIэхэм щIыIэхэм кьакIэрымыхуу ящIын хуейуэ.

УФ-м и Правительствэм и Унафэщl Мишустин Михаил кьыхигъэщащ Азов тенджыз псом хьэлъэзешэ кхъухь тедзапIэу иIэр Мариуполь зэрыхуэзэр. Абыкlэ зэпращ ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп тонн минхэмрэ хьэрычэт Iэухымрэ цIыхухэмрэ папщI

● Лъэпкъ Iуэху

Бланэ щалъху йокIуэлIэж

Уи лIакъуэм къикIуа гъуэгуанэм, укъызыхэкIа лъэпкъым и къежьапIэм, уи унагъуэр къызытехуIэкIам хэпщIыкIыныр, нэхъыщхьэжьр араущ, ар къэпхутэныр уасэ зимыIэ гуащIэщ, ар илэкIэ уэзэрыплъэм, къыпкIэлъыкIуэну щIэблэм уэзэрегупсысым и нэщэнэщ. Иужьрей зэманэм нэрылъагъу мэхъу а Iуэхугъуэхэм жылагъэм гулъытэ инхэр зэрахуищIыр: щIыхуэм къахутэ лъыкIэ «зэхэпъэда» лъэпкъэр, къызэдикIа щIынальэхэр, къызытехуIэкIахэр, я лъэпкъхэм яIэ ныбжьыр. АтIэ, икIэмикIэжым, щIыху къэс и акъылыр абы хуэкIуэну Дыкъэзыгъэщ1ам есгъэпс: Iемал имыIэу пщIыхун хуейкъэ уи къежьапIэр?!

«БЛАНЭ щалъху йокIуэлIэж» - мы жыIэгъуэр диГу къэзыГэкIар Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) жылэжьым дэт музейм къыщIэзрагъэпэща Iэзыгъуэ къызэрыкIуэрац. Илъэси 155-рэ зытекIыжа къэхъугъэщ зи гугъу тщIынур. Дауи, дядэжьхэм я гуи къэкIынтэкъым унэльащIэ хьэпшыпм лъэпкъ къуэпсым и зэпыщIэнигъэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэну.

КъыщIэддэнщ и къежьапIэмкIэ. Илъэси 155-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, Кавказ зауэр зэриухэр илъэсиплI фIэкIа дэмыкIауэ, Хьэгъундыкъуей адыгэ жылэжьым дэкIри, Къэбэрдей щIынальэмкIэ ныпэ щIалъ Щокъарэ лъэпкъым я щIалитIым: Щауейрэ БатIурэ. Абыхэм къатехуIэжащ нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIепсэу унагъуэ 60-м щIигъур.

Абыи къыщIымынэу, лъэпкъ жыгым деж зэрыщIигъэнэIуамкIэ, мы лъэпкъым и тхыдэр къэтIэщIыкIыным гуащIафIэу елэжьахэм къызэрахутамкIэ, нобэкIэ къэралхэм, къалэхэм унагъуи 110-м щIигъу дэсщ «Щокъарэ» унагъэцIэр зэрахьэу.

Мы махуэм музейм къеблэгъа хьэщIэхэр, Щокъарэхэ къахэкIа щIалиплIыр: Хьэбас, Руслан, Казбек, Хьэзрэт-Алий сымэ къыздикIар Къэбэрдей-Балъкъэрыщ.

- Ди къаукIуэр зытедухуар Іуэху дахэщ... Ди къуэш, адыгэ лъэпкъым и къуэ щыпкъэ Аргун Олег нэIуасэ, нобжьэгъу къытухуэхьауэ, дыщигъэгъуэзэуэ щытащ Хьэгъундыкъуей адыгэ жылэжьым музей тельыджащэ зэрыдэтым, абы дуней псом адыгэу тетыр къекIуэлIэныр я хъуэпсапIэу зэрыщытым.

Абы щыгъуэми диГу къэкIащ дядэжьхэм къаIэтна, щIэблэхэрэ зэIэпытхъу дыхуэсэкъыпэу лIэщIыгъуэрэ ныкъуэм щIигъуэу зетхъэ унэльащIэ хьэпшыпэ зыбжанэ къыздрахауэ щыта хэгъэгъуэм къедгъэгъэзэжыну. Къэбэрдейм къыщыхутэн ипэкIэ, а хьэпшыпэхэр щащIауэ щыта щIыпIэм къэтхьыжыныр, ди лъэпкъым и лъапсэр къызджэжьа щIынальэм щIэIэ музейм пщIэ хуэтщIу ахэр щIэтпхьэнэр ди гуращэу щыжьитIэм, Аргун Олег къыздиIыгъащ, «Ар сыту фIы хъунт! ДыщыгугфыкIыну къудейщ апхуэдэ Іуэху дахэм!» - жиIащ.

Нэхъыжьыфым и псальэхэм дытрагъэгушхуэри, нобэ къуэш хэгъэгум, Щокъарэхэ ди лъэпкъым и лъапсэр къыщежьа Хьэгъундыкъуей къэтхьэсащ пщIэ зыхуэтщI, ди лъэпкъым и тхыдэ мыкъэнэшхуэ зиIэ хьэпшыпхэр.

Тельыджащэщ ди нэгу къыщIэувар: ди къуэш шэрджэсхэми, дэ дыкъыздикIа Къэбэрдей-Балъкъэрми, уеблэмэ, дуней хъуреймэ мыпхуэдэ музей щыбгъуэтынкъым пасэрей адыгэм къыщIэна хьэпшыпэхэмкIэ гъэнщIауэ, зэхуэщIауэ, адыгэ лIакъуэхэм я тхыдэр хуэмэным тегъэгъэнауэ хуэлажьэу. Абы гугъэшхуэ къытхилхьащ нобэр къызэдсам Щокъарэхэ щIыпIэм лъэпкъ хьэпшыпэр зэрымыкIуэдынымкIэ... Тхьэр арэзы къыфхъхьу!

Нобэ ди Іэрыпльэр мащIэми, дяпэкIэ, ди лъэужьым лъэпкъ куэд къызэрыкIуэнур си фIэщ мэхъу. АтIэ, мы пасэрей жылэжьым ныдэкIаи, хэгъэгум щыщ адыгэ къуажэхэм ящыщи Къэбэрдей-Балъкъэрым унагъуэ, лъэпкъ куэд щопсэу. Псальэм папщIэ, Бетыгъэнэхэ, Мэкъуауэхэ, Лыхьхэ...

Каменномохэт къуажэм и зы район щыкIым «хьэгъундыкъуей хьэблэ» фIэщыгъэ яIэщ, мыбыкIэ никIахэр дыззрыIыгъу дызздопсэу. ГъэщIэгъуэнкъэ ар: дядэжьхэм, мы хэгъэгум никIахэм здыдэса къуажэм и цIэр ягъэкIуэдакъым, хьэблэм фIащыжащ, абыкIи я лъапсэм и къежьапIэр яхьумащ... Мис, апхуэдизкIэ зытхъумэжурэ дыкъэкIуэкIри, нобэ ди жылэжьым ди къакIуэр тхьэм фIы ищI, ди зэкIэлъыкIуэныгъэри кIыхь ухъу! - жиIащ хьэщIэхэм ящыщ Щокъарэ Руслан.

Гупым фIыщIэ ин къыхуащIащ музейм и къызэгъэпэщакIуэхэм, абы кIэлъыплъхэм, къыхэгъэщащ къэкIуэху къэс гуфIэгъэкIэ щыгъэзырагъэблагъэр.

- Ди лъэпкъым Кавказ зауэм къыхуихьа насыпышагъэ инщ тщыызмыгъэгъупщщ адыгэ хэкум япэ дыдэ щагъэува мы мывэ сыныр. Ар здэщытыр нобэ фыкъызыдекIуэлIа, фIэджьхэр здыдэкIа къуажэжьращи, ар уасэншщ. Фи къакIуэр мы къуажэм, мы щIыпIэм ивопхри, ар адыгэ лъэпкъым и зыужьыныгъэм щхьэпэн нэщэнэфIу Тхьэм къыщIигъэкI!

ЗэрымыгъэщIэгъуэн щыIэкъым: зэбградзу, хамэ къэрал, щIыналъэ щхьэхуэхэм ихуаэхэм нобэ я лъэпкъ къуэпсхэр хъатIэщIыж, къэгъуэтыж, зэпащIэж. Дуней псом щикъухьа хъуа ди лъэпкъым Тхьэм Іуэтэжьгъуэ дигъэгъуэтыж, лъэпкъ жыгыр зэфIигъэувэжьафэу, дыззгурыIуэу, дыззрыльагъуэу ди хэжжьым дыщыззхуэсыжауэ тхьэм дигъэльагъу! - зауэгъэзащ хьэщIэхэм къуажэ Хасэм и тхьэмадэ Асльэныкъуэ Рэмэзан.

- Тхьэм фигъэпсэу, ди къуэшхэ! Къыдзэгъэзэ дзыхьыр узыфIэмыкIыжьмэ инщ икIи фыкъызэрытщыгугъыу дыкъыщIэкIыжынщ! Хьэпшыпхэм пщIэшхуэ яхуэтщIу зетхьэнщ, дгъэльэгъуэнущ, щIэблэм ядгъэщIыхунущ ахэр къыздикIамрэ къакIуа тхыдэ гъэзагъэкэмрэ. Хуэбжьу тыгъэфIщ мы хьэпшыпэр ди къуажэм дежкIи, ди лъэпкъ музеймкIи, - къыхуигъащащ музейр зи нэIэм щIэт, и хъумакIуэ гумызагъэ Хутэ Асльэн.

- ЛIэщIыгъэрэ ныкъуэм щIигъуэкIэ зэзэгбэкIыжмэ, Къэбэрдей щIынальэм ирахьауэ щыта хьэпшыпхэр зэрымыкIуэдам, къебгъэльагъуэ лъэпкъыр къызэрэтенащ, зэрызэхьумэжар. Апхуэдэ фи щыIэкIэ-псэукIэм, фи Іуэху бгъэдыхьэкIэм пщIэшхуэ хуэщIыпхъащ, - жиIащ музейр зи нэIэм щIэтхэм ящыщ Иуан Норий.

Иджыри зы Іуэхум гу лъытапхъэщ. Ильэс зыбжанэкIэ хэзэгэбэкIыжмэ, Хьэгъундыкъуей къуажэм и къэхэм ящыщ, зым дагъэувауэ щытащ. Щокъарэхэ я сын. Мы лъэпкъым къыщIэхуа щIэблэхэм яхэлъ хэкупсагъэр къэзыгъэльагъуэщ КъБР-м къикIыурэ а сым деж лъэпкъым щыщхэр къызэрыкIуэр, я щхьэр зэрыхуагъэщхьыр.

КъищынэмыщIауэ, 2008 гъэм Щокъарэхэ я лъэпкъым и зэхуэс Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхашэри, ди хэгъэгум щыщ я унагъуэхэри а зэкIэхэм хэтауэ щытащ. Абы иужь, илъэсипщI дэкIыжауэ, къэхутэныгъэ лэжьыгъэшхуэ къызэрэзекIри, лъэпкъым и тхылъ купщIафIэ дунейм къытехьащ. Иджы а тхылъым и етIуанэ Іыхьэр ягъэхьэзыр. Абдежым къыщыщэщIыбыдэнущ дуней псом Щокъарэ унагъэцIэр зезыхьэу щыпсэууэ хъуар.

Абыхэми къыщымынэу, щIэбли 10-кIэ (!) зэIэбэкIыжри, лъэпкъ жыгыр зэфIагъэувэжи яльэкIащ. Ар зыхуэзфIэкIа гъэтIыгъуэфIэкъым. Мис апхуэдэ щIэблэфI къащIэхьауащ Хьэгъундыкъуей жылэжьым дэкIа Щауейрэ БатIурэ.

Щокъарэхэ я лъэпкъым щыщ нэхъыжьхэми фIыщIэшхуэ хуащIащ я къуэшхэм. Я зэкIэлъыкIуэр, зэпыщIэнигъэр зэпымычыну екъуэхьауащ.

- Щауей - къуитху, БатIу - кьуих яIэу Къэбэрдей щIынальэм нихьэжати, абыхэм къатекIыжа къудамэ 11 нобэ абдеж дыщопсэу. Къудамэ къэс нэхъыжьхэ пашэ диIэжщ. Абыхэм иджыри зы нэхъыжь къащхьэщытыжщ. Абы и дежщ лъэпкъым и ныпэр здыщытхъумэр.

Нобэ Щокъарэхэ я тхыдэр зэуэ щызэхъэзэса хъуащ ди тхылъым. Арэ тыгъэ худощ музейм. КъБР-м щыпсэу, «Щокъарэ» унагъуэцIэр зезыхьэу зы цIыку къэнакъым мы тхылъым имыхуауэ. Абы папщIэ архивхэм дыщылэжьащ, дэфтэр куэд щIэтщыкIащ, тхузэфIэкIар зэхуэтхьэсыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и щIэныгъэрылажьэ Къармэ Руслан и дзIэпэкъыныгъэшхуэ хэлъу къыздэгъэльэжащ. ИкIи, Щокъарэхэ я унагъуэ къэс ипльмэ яIэрыдгъэхьащ. Ауэ, абыкIэ ди лъэпкъ тхыдэр джыныр, зэфIэгъэувэжыныр зэфIэкIыгъкъым. Куэд къэнащ гулъытэншэу. Абы къыхэкIкIэ, тхылъым и етIуанэ Іыхьэм ди щIалэгъуалэр гуащIафIэу, жьыджэру йолэжь. АтIэ, нобэ ди лъэпкъэгъуэкIр щопсэу хамэ къэралхэмк: Болгариемк, Щамым (Сириемк), Тыркумк... Абыхэми, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэуэхэми дыззрыхуейуэ дальэIэсэфакъымиз, иджы ахэр къызэщIэдубыдэнущ, - щIагъужащ хьэщIэхэм.

КъыщIэкIуа Іуэху дахэр, я пщэрыльыр екIуу ягъэзэщIа нэужь, хьэщIэхэм нэгъэужь программэ гъэщIэгъэуэн хуэхащащ. ЖьпIэнурамэ, Хьэгъундыкъуей щыщ Щокъарэхэ, хьэщIэхэм, лъэпкъ Іуэхум телажьэхэри а махуэм куэд дыдэрэ гупсхуу зэпсалъэу зэбгъэдэсащ. Иужьым, Щокъарэ Мухьэдин и пщIантIэм деж адыгэ Іэнэ къыщигъэуври, Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIа къуэшхэр ягъэхьащIащ.

ЩОХЪУЖЬ Люсанэ.

ПIАЗ (Къагъырмэс) ФатIимэ:

Бемырзэ Мухьэдин и псалъэхэм арэзы сытохъуэ!

***Къагъырмэс ФатIимэ адыгэбзэм и щIэныгъэ лэжьакIуэщ, сабий гъэсакIуэщ, актрисщ, усэ къеджэну, уэрэд жиIну фIэфIщ, гуфIэгъуэ дауздапщэхэр иреГэкIуэкI. Сыт хуэдэ Іуэху пэрыувэми, анэдэлъхубзэр псом япэ иреГэщ. Къыщыхъуари щыпсэури Налшыкщ. Бзылъхугъэр и щапхъэщ бзэр фIыуэ плъагъуныр къуажэм е къалэм зэремылъытам. Езы ди псэлъэгъуми зэрыжиIэмкIэ, ар зэлъытар унагъэращ. Ди гуапэщ ФатIимэ и Іэщ1агъэм, дзэлихьэхэм, зытет хабзэхэм теухуауэ и гупсысхэмкIэ дывдэгуэшэну.*

- ФатIимэ, щIэныгъэу зэбгъэгъуэтам, студент гъащIэм, уезыгъэджахэм утезгъэпсэлъыхьынут япэщIыкIэ.

- Школым адыгэбзэмкIэ ди егъэджакIуэм щэнхабзэм, бзэм теухуауэ Іуэхугъуэ гуэркэр, зэпеуэхэр екIуэкIмэ, абыхэм дыхигъэтт, усэ дыкъригъаджэрт, тыгъэ гъэщIэгъуэнхэри къытхуащIырт. Апхуэдизырэ сэ анэдэлъхубзэм сыдихьэхащ. Ди бзэр нэхъыфIу сщIэну, тхыдэм зыщщызгъэгъуэзэну, ди усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ я Іэдакъэщ1экIэр нэхъ куууэ зджыну сыхуейуэ япэщIыкIэ педагогикэмкIэ кIуэдкъым и адыгэбзэ къудамэм сыщIэтIысхьащ. Егъэлеяуэ сыдихьэхуеи седжащ. Колледжым дыщыщIэса зэманыр сэ ІофIу си гум илъ - моуэ зэманыр хуэдэу гуапэу дыщщэхэтащ абы. ЕгъэджакIуэхэм гудзакъэ яIэт. Лъжьыгъэр кьыдату щIэкIыжыртэкъым ахэр - дджыр нэхъ куууэ зыхьадагъэщIну хуейхэти, дерсхэр щIэщIыгъуэ ирагъэкIыжынымк я гуащIэ псори халъхьырт. Ди егъэджакIуэу щыта Пащол Сакимэ Іэхугъуэ гъэщIэгъэнэхэм сыхигъэхьэрт, сиунэтIырт. Ар сэ икъукIэ сэбэп къыслхэхъуащ си щIэныгъэми, зэхэщIыкIми хэзгъэхъуэныкIэ. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ гуплым ди куратору щыта Лъостэн Марьянэ - и студентхэм къыттеубгъуат сыт щыгъуи.

ІэдагогикэмкIэ колледжыр къэзухри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. Абыи Іэщ1агъэлI нэсхэм сыщрагъэджащ. Сигу инрыкIт Тымыжькъ Хьэмидэ егъэджэныгъэм къыщигъэсебэп Іэмалхэр, и дерс бгъэдэлъхьэжьр. И лэжьыгъэм игури и псэри хилъхьэу дригъэджащ Бакъ Зерэ. Ар къэзэджа лекцэ зэи пщыгъупщэнукъым, уигъэщIыхуа тхакIуэр уигу ихунукъым, уигъэджа художественнэ тхыгъэр игъащIэкIэ къыбдэгъуэгурыкIуэнущ. Лэжьыгъэ гуэр къыдитарэ, абыкIэ жэуап щыттым дежи, ди гупсысэкIэр абы зыгуэркIэ нэхъыфI ищIами, зригъэхъуэжами кIэлъыплъыжьыт, зыхэпщIэрт студентым и деж жэуапыныгъэ ин зэрыщихьыр. ЩIэщыгъуэу дриГэджащ Хэжь Лени. Абы и егъэджакIэ Іэмалми щапхъэу къыхэпхын куэд хэлът.

- Адыгэ усэхэм гъэхуауэ укъеджэу интернет напэкIуэщIхэм щызолъагъу... Хэт ди усакIуэхэм ящыщу зи Іэдакъэщ1экIэр уи гум нэхъ дыхьэр?

- Ди усакIуэ, тхакIуэхэм я хэтIкъым зыгъэщхьэхуэу хэлъхэм сыкIалъыплъын сфIэфIщ. Щоджэнщ1ыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, Бемырзэ Мухьэдин, Бещтокъуэ Хьэбас сымэ я усыгъэр си гум дохъэ. Нэхъ щIалэхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейщ Хьэвжокъуэ Людмилэ и усыгъэр. Усэ сыкъеджэн сфIэфIщ, гукIэ куэд сощIэ.

- Актрисэ Іэщ1агъэм ухуеджа, хьэмэрэ абы уэр-уэру зыхуэбгъэсэжа?

- Налшык ІуэхэджэмкIэ школ №1-м театрымкIэ и къудамэм сыщеджащ ЖьэкIэмыхьэ КIынэ и чэнджэщкIэ. Актёр Іэщ1агъэм тегъэхуауэ абы куэд къыщысщIащ. КIынэ театрхэм дишэрт, радиом, телевиденэм дыкъыщагъэпсэльэныкIэ, цIыхухэм дыкъыщIэныкIэ сэбэп къытхуэхьурт. ГъуэзджэмкIэ школыр къэзуха нэужьи, абы и деж мастер-класс сыкIуащ, сригъэблагъэри. ЖьэкIэмыхьэу КIынэ сызыхуигъэсамрэ къызигъэщIамрэщ сэ щэнхабзэмрэ гъуэзджэмрэ теухауэ лэжьыгъэ схуэхъу.

- «Король Лир» спектаклым щыбгъэзэщIа рольм и гуГу уэзгъэщIынут...

- А спектаклыр щагъэувым Карделие и рольм ягъэджэгун кьалъыхъуэрт. КIынэ сэ сыхуигъэлъэгъуащ Теувэж Сультан, «Мыр а рольм хуэкIуэнущ, бзэри Іурыльщ, зэрыжджэгуфIыными шэч къытесхьэрэхьыми» жиIэри. СыкIуащ, къызэплъащ, къызэдаIуэри, ролыр кьысхуагъэфэщащ. «Король Лир»-м щыджэгуахэр Іэщ1агъэм хуеджа, щIыхуб3м фIыуэ яIьагъу актёр щIэрыIуэхэт. Сэрат нэхъ ямыцIыхуу яхэтри, зи Іэусэу сыджэгуагъэм куэдкIэ сытрагъэгушхуащ, къызэдаIыгащ. Театрым еплъахэм я щытхъу куэдри зэхэсхащ. КъызэхъулаIащ!

- Иджыблагъэ адыгэбзэкIэ уи уэрэдыщIэ дунейм къытехащ. Абы и хъыбарыр къыджепIэн?

- Иркъерей зэманым пьэтеувэ, гущэхэпхэ дауздапщэхэр егъэкIуэкIыну срагъэблагъэ. Мызэ-мытIэу къызжаIащ, - уэрэд дахэу пхужьыIэнут, мыпхуэдэ Іуэхугъуэхэр ебгъэкIуэкIынымкIи сэбэп къыпхуэхъунут» жаIэу. «Уэрэд жьIэным сыхуэмыджауэ дауэ зеспщIытын» жысIэурэ сытегушхуэрэтэкъым. Дауэ мыхъуми, макъамэ студие сыкIуэри, си макъым егъэдэIуащ, абыхэми сыщытрагъэгушхуэм зы уэрэд егъэтхьину мурад сщIащ. Апхуэдэу къыздкIащ си япэ уэрэдыр. «ФIыльагъуныгъэ»-уэрэдым и псальэхэри макъамэри Жабо Заирэ итхащ. Ар куэдым къыдыхуащ, жи ирихьу, къытрагъэзэжурэ йодалъэри, ар хуабжьу си гуапэщ. Уэрэд жьIэным теухуауэ ар си япэ лъэбакъэщ. Иджыри зы Іуэху долэжь - сабий уэрэд дотх.

- Уэ икIи уадыгэ анэщ. Гъэсэныгъэм теухуауэ хабзэ щхьэхуэ утет?

- Унагъуэм адыгэбзэкIэ дыщопсалъэ, хабзэмрэ нэмысымрэ я мыхьэнэр щапхъэкIэ кьагурыдогъаIуэ цIыкIуэм. Нэхъыжьыр школым щIэтIысхьа нэужь, «Сэ сыадыгэщ, щхьэ урысыбзэкIэ сыпсэлъэн хуей?» кьыджиIат, уеблэмэ. Абдежым сегупсысащ, зыгуэрым тIэкIу сытеплъэкъукIауэ пIэрэ жьIэу. Анэдэлъхубзэр псом япэ игъащIыпхъащ, дауи, ауэ урысыбзэми гупЫэта лъыгъэсхэн хуейщ, сабийм школыр кьытемыкьыпэн пащIэ. Къапщтэмэ, бзэ нэхъыбэ ящIэхукIэ нэхъыфIщ, зыр адрейм зэран щыхуэмыхъукIэ.

- ФатIимэ, лэжьыгъэ ІэнатIэу сыт хуэдэхэм упэрыта?

- Иджыпсту сылажьэрэкъым, си унагъуэ Іуэхум, сабийхэм сазэрыхэсым теухуауэ. Ауэ Іэнатіэу сызыпэрытхэр сэбэп кьысхуэхъуащ, зызагъэжьащ.

2014 гъэм адыгэ пщащхэм я зэпеуэм етIуанэ увыпIэ кьыщыкъхьат, «Пщащэ зэчиифIэ» цIэри кьысфIащат. Абы иужькIэ, зэпеуэр щекIуэкIа Кэнжэ къуажэм ЩIэнхабзэмкIэ и унэм срагъэблагъэри сыщылэжьащ. Абы хабзэр зэрыщызэрахьэм, щылажьэхэм я зэхуаку дэль зэхущытыкIэ дахэм ситхьэтхурт сыт щыгъуи.

«Орешка» сабий зегъэужьыпIэм хэт театр студиеми илъэс зыбжанэкIэ сыщылэжьащ, цIыкIуэр утыкум кьызэрихьэнут, дахэу зэрыпсэльэнут, я Іэпкъльэпкъ цIыкIуэр кьапсэлъэм зэрыгъэгъэхуэным хэзгъэсащ. КIэщIыпIэмэ, Экъэлэмыхъу ЖьIэкIэ зыгъэгъащIауэ щытахэр сабийхэр сэ згъэсэнымкIэ куэду кьыхсхуэсэбэпащ. Иджы мураду сиІащ езым си театр студие кьызэзгъэпэщыжу а Іэщ1агъэм пысщэну, сэрэ зызужьыну, сэбэпи сыхъуну.

- НэхъыфI дыдэу плъагъу тхыгъэ е тхылъ уиIэ?

- Достоевский Фёдор и «Преступление и наказание» романыр, ди тхакIуэхэм ятхахэм ящыщу Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Щихуэр иджри мэкI» романыр, Нало Заур и новеллэхэр.

- Адыгэу ущытыныр уэркIэ сыт?

- «Адыгэу ущытыным къикIыр зыщ,

Удыгэну къыпкIуэхькIынырщ лIыгъэ», - Бемырзэ Мухьэдин и псалъэхэм арэзы сытохъуэ!

- Тхьэм уигъэпсэу!

Епсэльар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**

Кавказым и щэнхабзэм тету

Нэхъапэм и гугъу фхуэтщIауэ щытащ Абхъазым и хы Іуфэхэм зыщыщыгъэпсэхуэхэм зэрызагъэпскI щыгъынхэмкIэ уэрамхэм къызэрыщакIуэхым екъэлIауэ къаIэта псальэмакъым. Иджыблагъэ, абыхэм я щапхъэм тету а Іуэхум щыпащащ Железноводск къалэм.

ЩIЫНАЛЪЭМ и унафэщIхэм зыгъэпсэхуакIуэхэм зыхуагъэзащ туристхэр ныкъуэпцIанэу уэрамым къыдыхьэу зэрамыдэнумкIэ. Минеральные Воды къалэм къыщыдэIуахащ «3, Ка» зыфIащуа Іуэхур. Иджырей мардэхэм тету зэIуэзэпэщ ящIа я щIыпIэм зыщагъэпсэху Урысеим и щIынальэ куэдым къикIаухэм. Ахэр псым къызэрыкIыжам хуэдэу тыкъэнэхэм, шхапIэхэм щIоиэ, парюхэмрэ пIэс эекIуалIэхэмрэ къыщащIыкIэ. Псальэм папщIэ, зэмахуэр къызэрихьэрэ а щIыпIэм махуэ къэс екIуэлIащ цIыку мин 15 -20. Гуэлым и Іэгъуэблагъэм итщ сабий джэгупIэхэр, аттракционхэр, спорт утыкуэхэр, бдзэжьей ещапIэхэр, къуэфажьей-хэм я гъэувапIэ.

ЕтIанэгъэ къыщыщIэдзауэ а щIыпIэм щагъэувынущ зыгъэпскIыпIэхэм я гъунапкъэм адэкIэ тэмэму мыхуэпауэ къыщакIуэху зэрамыдэнур къызытеущ баннерхэр.

- Хы Іуфэм дыгъэр уэзрыхуейм хуэдэу щызытебгъапсэ хъунукъым, аркъудейр нэхъ хэмыльамэ, цIыкуэм гурыIуэ яIэн хуейт. Ауэ щыхъуэкIэ ихъуреягъэм сабий санаториеу 3 къыщыгтщ. ЗыгъэпсэхуакIуэхэм яхуэдгъэуэ мардэхэм тетыну хуэмеймэ, абыхэм папщIэ щыпIэ щхьэхуэ духуэн хуей хъунущ, мэрием и унафэ хэлъу. ЗыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм ящIэн хуейщ мы щIыпIэм Кавказ Ищхъэрэм и щIынальэхэм щыщхэр къызэрыкIуэр. Мы Іуэхур ди закъуэ къыхэтIэхьауэ аракъым, къалэдэс куэдым зыкъытхуагъэзащ ялъагъум арэзы зэрытемыхъуэмкIэ,-жиIащ Железноводск къалэм и администрацием курортхэмрэ туризмэмкIэ и къудамэм и унафэщI Сальников Александр.

Апхуэдэ Іуэху епIыкIэм ехьэлIауэ цIыкуэм яхэупщIыхьащ икIи нэхъыбэр абы арэзы техуащ. Псом хэмыдэу ар даІыгъащ зэрыунагъуэу зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм. Ахэр хуейкъым апхуэдэ щапхъэ мыхъумыщIыр я сабийхэм ялъагъуну.

- ЗыгъэпсэхуакIуэхэм я теплъэм куэд щIауэ цIыкуэр егъэплейтей икIи а Іуэхум унафэ пыухыкIа тетщIыхьыну игъуэ нэсащ. ЗыгъэпсэхуакIуэхэм щэнхабзэм ебгъкъуэн зэрыхуэмейм къыхуехьыджэ дамыгъэкэр Дагъыстэм, Шэшэным щызоклуэ, диныр зыIыгъэхэр ямыгъэкIытэн щхьэкIэ. Ставрополь щIынальэмм щы-Іэщ а Іуэпапкъэхэр, емыкIуу цIыкум уахэтын зэрыхуэмейм теухуауэ. Псальэм папщIэ, 1970 - 1980 гъэхэм цIыкуэхэм ягу къэзэкIыжьын е апэубыдын хуей хъуртэкъым апхуэдэ Іуэхуэхэр - псоми я зэхэщIыкIыр лъагэт, ар зэрыемыкIыри къагурыIуэрт, псалъэ лей хэмыту. Нобэ дызыщIэкъуэ Іуэхур цIыкуэхэм къагурыдмыгъэIуэфмэ, детхьэкъуэ хуейуэ аращ, - къыхиигъэщащ Кавказ Ищхъэрэм льэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ, индустриемрэ хьэщIагъэ екынымкIэ и зегъэхэныгъэм и унафэщI Наумовэ Аннэ.

Иужьрей илъэс тIощIырыпщIым КъухьэпIэ къэралыгъуэхэм хабзэ мыхъумыщIэу ди цIыкуэбм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, къыхуахьам и Іэужьыр зэтIэкIи нэрылъагъуц. А зэманым къриубыдэу зэхэщIыкI зиІэ цIыкуэхэм къагурыIуэу щынэмрэ хабзэмкIэ, къыщIэдзэжьын зэрыхуейр икIи гуапэщ щIэнхабзэм щынэмрэ хабзэмкIэ къыщIэдзэжьын зэрыхуейр ящIэн гъэпщ щыIэнущ. Псалъэ дахэкIи зэIэзэ сымаджэр, дауи, нэхъ щIэх кьыззэфIоувэж.

Псалъэм папщIэ, Польшэм и Іащ1ыхьэхэри, дыдейхэм хуэдэу, хъупIэхэм къокIыж. Гъэр къызэрырахьэлIа къудейм щхьэкIэ абыхэм папщIэ яублэ «Редык»-кIэ зэдэжь дауздапщэшхэр-«поляк Іащ1ыхьэхэм я маршщ» абы фIащар икIи щIыпIэ псоми зэхуэдэу щагъэльапIэ. Хъушэхэр езыгъэблагъэж жьIэхэм щыпсэуэхэр дахэу хуэпауэ, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэу, льэпкъ шхыныгъуэхэр яIыгъыу абыхэм къапожьэ. Фимыгугъэ абыхэм гъэмахуэр щагъэкIуа хъупIэхэр зэпэщу щытауэ: «Татрэ Іьагаи1эм» (яIэр а зырщ) еэыхэм я Іэкlэ гъэ къэс щагъэувэ пIалъэкIэ зыщIэсыну псэуалъэ тIэкIуэхэр, чэтхэр, Іуэхэр, эстичечествэ, тынышлпIэ, зыхуеину Іуэхутхьэбзэ къызэрыгъэжьэкIэр - зыри щыIэкъым а щIыпIэхэм. Щхьэж зэрыхуэзфIэкIкIэ гугъуехьым кьикIыу аращ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Хэт и хъупIэхэр нэхъыфI?

Дуней щыткIэ зызыхъуэжам къыдэкIуащ бжьыхь кIыхьыр. Псом хуэмыдэу ар сэбэп къахъухьащ гъэмахуэ псор хъупIэхэм щызыгъакIуэ ди Іащ1ыхьуэхэм.

ХЬЭМАЩIЭ, Аурсэнтх, Хьазнидон, Шэрдж - хъупIэхэр ди мащIэкъым, бгылъэхэри тафэхэри зэхуэдэу щызэхэт я щIыпIэхэм я хъуэ бэгъуам, къэуатым хуэдэ зиIи къэгъуэтыгъуейщ. Хьэмащэ и закъуэ гектар мин 80 и инагъщ, хъупIэ зэпыудаэу 22-рэ иIащ. Абы щыIэгъуэ гъэкIэ Іэщ дашым и зэхуэдитIыр. ХъупIэхэр псори зэхэту къэтщтэн щ, гектар мин 140-рэ я инагъщ, абыхэм зэуэ щаIыгъыфынущ Іэщ1ыщхуэу мини 100-м, мэлу, бжэну, шыуэ мин 300-м нэблагъэ.

Мы зэмэлыпм абыхэм щохъуэкIуэ Іэщ1ыщхуэ мин 14, мэлу, бжэну мин 42-рэ, шыуэ мини 3-м щIигъу, гъэмахуэм и кIыхьагъкIэ абыхэм къащIэхъуэхэр хэмыту. Мы гъэм зэхъуэу яIар наIуэ къыщIыхъунур фокIадэм и 28-м иужькIэщ. Псом ящхьэрацIи, щIыуэпсым я нэхъ къабзэм хэт жэмхэм фIагъ ин зыбгъэдэлъ гъэшIыщхуэ къыщIащ, абы и уасэри процент 30-кIэ я гъэмащIэ. Фэрэ гу къытехуэрэ къыщIэкIынщ ди тыкуэнхэм щащэ шэм, шхум, къъуейлъаIэ лIэужьыгъуэхэм, шатэм я уасэхэр и IIнэм щыIэнымкIэ. Едвгъэлъытыт ар хущхъуэгъуэхэм я уасэр хуэдитI-хуэдитIрэ ныкъуэкIэ щыдэкIуеят ди аптекхэм, ауэ щыкъухьэ я ящэм нэпцIу хэтыр зэрыкъхьэбэм куэд щыгъыазэу...

Зы илъэс къэмынэу а гъэмахуэ хъупIэхэр, Іащ1ыр дамышщыкIэ, сыт и ІьэныкъуэкIи зыхуэй хуаГазэ, ахэр зыщIэтыну чэтхэм къыщыщIэдзауэ Іащ1ыхьуэхэр зыщIэсыну я унэхэмкIэ иухыжу. Ветеринархэр, жэщ-махуэ ямыIэу, Іащ1хэм я узынщагъэм кIэлъоупIэ, хъупIэ хэсэ екIуалIэ электролинжьэр, гъэгъуэхэр зэпэщу, дэтхэнэ зы хозяйствэри транспортхэмкIэ къызэгъэпэщащ, Іащ1ыхьуэхэм и чэзум яГьуэт зыхуей медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр.

АтIэ дэни апхуэдэу къыщыдэгъэпэщауэ пIэрэ Іащ гъэхъуным елэжьахэм я Іуэхур?

Псалъэм папщIэ, Польшэм и Іащ1ыхьуэхэри, дыдейхэм хуэдэу, хъупIэхэм къокIыж. Гъэр къызэрырахьэлIа къудейм щхьэкIэ абыхэм папщIэ яублэ «Редык»-кIэ зэдэжь дауздапщэшхэр-«поляк Іащ1ыхьуэхэм я маршщ» абы фIащар икIи щIыпIэ псоми зэхуэдэу щагъэльапIэ. Хъушэхэр езыгъэблагъэж жьIэхэм щыпсэуэхэр дахэу хуэпауэ, макъамэ Іэмэпсымэхэм еуэу, льэпкъ шхыныгъуэхэр яIыгъыу абыхэм къапожьэ. Фимыгугъэ абыхэм гъэмахуэр щагъэкIуа хъупIэхэр зэпэщу щытауэ: «Татрэ Іьагаи1эм» (яIэр а зырщ) еэыхэм я Іэкlэ гъэ къэс щагъэувэ пIалъэкIэ зыщIэсыну псэуалъэ тIэкIуэхэр, чэтхэр, Іуэхэр, эстичечествэ, тынышлпIэ, зыхуеину Іуэхутхьэбзэ къызэрыгъэж

● Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу

Дызэрыгушхуэ дирижёр цIэрыIуэ

Ди хэкуэгъу, СССР-м, РСФСР-м, КъБР-м я цIыхубэ артист, Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Санкт-Петербург щIыхь зиIэ и цIыху, а къалэм и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и художественнэ унафэщI, дирижёр цIэрыIуэ, къэрал куэдым хэIущIыIу щыхъуэ оркестрхэм я тхьэмадэ Темырканэ Юрэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу. Льэпкъыр дызэрыгушхуэ, щIанкишиев исхэм ящыщу ди щхьэр лъагэу дзэыгъэльэгъуэ щIыху щэджащэхэм ящыщщ ар.

КъэбЭРДЕЙ уэрамым тет сабий гъэсапIэм пэмыжьыжьу зэпымыууэ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэ духовой оркестрыгт Темыркъан зэкъуэшхэр - Борисрэ Юрэрэ - макъамэм дезыгъэхьэхар. Абыхэм я репетицэхэмрэ концертхэмрэ кIуэрейт ахэр. Макъамэм дихьэха щIалитIым гу лъыхьэта, музыкант Дашков Валерэ и фIыгъэкIэ, Борисрэ Юрэрэ Налшык и Музыкэ школ №1-м 1946 гъэм щIэтIысхьащ. Илъэситху нэужьым, фокIадэм и 1-м Къэбэрдейм щекIуэкIа концертым япэу зэгъусэу зыкъыщагъэльэгъащ Темыркъан зэкъуэшхэм.

«Темыркъан Юрэ 1979 гъэм илъэс Италием лъэпкъ академиеим и «Санта-Чечилия» оркестрымрэ хорымрэ ядэлажьэн щIидзащ икIи абы лъапсэрэ зэпымыууэ я гупхэм я гъусэу зыкъегъэльагъуэ. 2007 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «Санта-Чечилием щIыхь зиIэ и лъапIэр. Темыркъаныр псэухукIэ а оркестрым щIыхь зиIэ и дирижёр нэхъыщхьэу щытыну ягъэуващ. Ар академиеим и тхыдэм къыщыхъуа Iуэху гуапэщ. Адыгэ щIалэм итмэкIэ а къуажьэу ирихьэкIащ Италием и оркестрым щIыхь зиIэ и президенту 1983 гъэм хаха, США-м щыщ дирижёр Бернстайн Леонард. Апхуэдэу Темыркъан Юрэ ядолажьэ Европэм (Берлин, Венэ, Лондон, Рим, Милан) и филармоние оркестр цIэрыIуэхэм, Амстердам и концерт залышхуэм - Консертгебау Пащтых оркестрыр щIыгъуу.

Темыркъан Юрэ эи художественнэ унафэщI, Санкт-Петербург къэрал филармонием екъулIэныгъэ иIэу «Парко-делла-Музика» концерт комплексым илъэс зыбжанэ ипэкIэ утыку кыщIрихьащ Римский-Корсаков и «Шахерезада» сюитэмрэ Рахманиновым и симфоние №2-мрэ. Абы зыкъырагъэхьэлIащ Италием и цIыху цIэрыIуэхэм, къэралым и президенту щыта Наполитано Джорджи яхэту.

Урысей Федерацэмрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм илъэс куэд хъуауэ Темыркъан Юрэ и щIыхькIэ Симфоние макъамэм и дунейпсо фестивалэр Налшык гукъинэжу щрагъэкIуэкI. Абы и программэм къызэщIеубыдэ дунейпсо классикэ музыкэм и макъамэ нэхъыфIхэр. Абы щыгъуэу къызэрагъэпэщ дирижёрым и гъащIэмрэ и гъащIэмрэ теухуа гъэльэгъуэныгъэ гъащIэгъуэнхэри. Абыхэм хагъэхьэ Темыркъан Юрэ и унагъуэм, и лжьэгъуэхэм, цIыху цIэрыIуэхэм я гъусэу зытригъэхуа сурэтхэр, дирижёрым и зэфIэкIкIэм ятеухуауэ цIыху щхьэхуэхэм жаIа псалъэ гуапэхэр, газетхэмрэ журналхэмрэ къытеухуа тхыгъэхэр. А псори щIэщыгъуэгъу. Апхуэдэу Темыркъан Хьэту и цIэр зэрихьэу КъБКъУ-м хэт цIыху зэIущIапIэ пэшышхуэм еджапIэ нэхъыщхьэм и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ Юрэ щIэх-щIэхыуэ щыIуощIэ. Маэстрэр зрагъэблагъэ зэхьыхьэхэр сыт щыгъуи гъэщIэгъуэну икIи гукъинэжу къызэрагъэпэщ.

Урысейм и махуэм, 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м, Кремлым щагъэлъэпIат щIэныгъэм, технологиехэм, литературэм, гуманитар Iуэхугъэм зэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэр. Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща цIыху гуащIафIэхэм щIыхь дамыгъэхэмрэ дипломхэмрэ яритыжащ УФ-м и Президент Путин Владимир, ахъшэ саугъэту сом мелуан тхурытху щыIугъу. Абыхэм яхэтащ Темыркъан Юри.

- Ди адыгэ къафэхэр щыслъагъуэкIа си нэпс кIысфIокIуэ, сыту жьIпIэмэ, апхуэдэ дахагъэ къэзыгъэщIыфынур лъэпкъ тельджэщ. Дуней псом къызэхэскIухьами, ди къафэ, хабзэ гъэзэджэхэм, щэнхабзэ лъагэм хуэдэ зиIэ зы лъэпкъм срихьэлIакъым. Сызэрыладыгэм сызэзыригушхэр псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ, - жеIэ Темыркъан Юрэ.

Лъэпкъ макъамэм зегъэужьыныкIэ тхьэдэ щIэнкэр хъумэныкIэ дирижёр тельджэм хуищI хэпхъэныгъэфIхэм мыхьэнэшхуэ щаIэщ урысей, дунейпсо щэнхабзэ, жылагъуэ гъащIэм. Зи хэкумрэ макъамэмрэ хуэпэж адыгэлIым и лжьэгъухэм я пщIэрэ республикэм, къэралым ис куэдым я лъагъуныгъэрэ кIыхьлэжьащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

ЗАНКИШИЕВ Арсен: Лъакъуэрыгъажэ спортым республикэм зыкъыщеужьыж

***Лъакъуэрыгъажэ спортым и Iуэхур зыIутым, ди щIыналъэм иджыблагъэ щекIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм, нэгъуэщIхэми тезгъэлсэлъыхьыну зы хуэзгъэзащ КъБР-м Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и унафэщI Занкишиев Арсен.**

- Арсен, лъакъуэрыгъажэ спортым и Iуэхуэхэр республикэм нобэ дауэ щыщыт, сытхэр фхуэзэфIэкIрэ?

- Жьыкъэ дыIэбжэкрэ дигу къэдгъэкIыжмэ, 1970 - 80 гъэхэм лъакъуэрыгъажэ спортым и Iуэхур ди деж фIы дыдэу щыщытащ. Къэралым и мызакъуэу, дуней псом щыщIэрыIуэ спортсменхэр диIащ абы щыгъуэ. Хьэлэмэтт а зэманэр, ауэ гугъэкIыжхэмкIэ псэуа ухуэныкъым. Ар къыдигрыIуэу долажьэ, а спортым ди республикэм щигъэтауэ щыта пщIэр къэтIэтыжьын мурадхэр диIэу.

Пэжщ, зэрызыдгъэщIэгъуэн спортсменхэр нобэ щыIэкъым, ауэ зэман дызыхуэкIуэм къриубыдэу апхуэдэхэри диIэ зэрыхуэнумкIэ гугъэ дэзыгъэщIхэр диIэщ. Ди гур хагъахъуэу, лъакъуэрыгъажэ спортым дехьэх ныбжьыщIэхэр. ИджыпстукIэ ди деж зыщыщысгъасэхэр цIыху 17 хъуэ аращ, абыхэм ящыщу щыр хъыджэбз цIыкIуу. Щэч къытесхьэркъым абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуэурэ зэрыкIуэнум, а спорт Iэпхъэгъуэм республикэм зыкъызэрыщIиужьыжьынум.

КъыхэзгъэщIынщи, ди гъэсэнхэм ди деж къызэрыкIуэм щхьэкIэ пщIэ щIатыркъым. ЛъакъуэрыгъажэхэмкIи, я щыгъынхэмкIи, нэгъуэщI зыхуэныкъуэнухэмкIи ахэр нэсу къызэгъэпэщащ. АбыкIэ къыддэIэпыкъуащ Урысей Федерацэм Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэр. Москвадзэхэм пщIэншэу къыдатащ лъакъуэрыгъажэу 20-рэ спорт щыгъэнхэмрэ.

ЛъакъуэрыгъажэмкIэ къэжьхыным зыхуэзгъэсэн щхьэкIэ щхьэусыгъуэ зыри щыIэкъым - а спорт Iэпхъэгъуэр фIыуэ пльагъун хуейуэ аращ, адрей Iэмалхэр дэ псори диIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ лъакъуэрыгъажэ спортым хуэщIауэ фIэкIа пщIэнкIым. Зы псалъэкIэ жысIэмэ - жэнэтщ. Бгыльэзэкм къыщыщIыхьыныну ухуей - Хьэсэней къуажэм щегъэажэ, Джэрпэджэк лъэныкъуэмкIэ унэтIи, адэкIэ удэкIуейуэрэ къурш лъапэхэм ухуэкIуэнущ, Безенги унэсыху. МыдэкIэ, гъуэгу зауэм къыщыщIыхьыныкъым, Брамтэ (Вольнэ Аул) уэрыдэжу Джэрмэнщык ухуэзышэ гъуэгум теуви, адэкIэ дэнэ нэс ухуейми кIуэ - ди гъуэгуэр бэлыхьщ.

Абыкъэ фIыщIэ хэха хуэныжращи, ди командэм япэ увыпIэр къыщIихьырт чемпионатым. Мис апхуэдэ спортсменхэм лъэщхэр диIащ.

Апхуэдэуи дызэрыгушхуэн спортсменхэщ Зибиревыр, Оболенскэр, Трифоновыр. Абыхэми лъэужьыщIхэр лъакъуэрыгъажэ спортым къыханащ, ахэр псори СССР-м и чемпион хъуащ. А псом къыдэкIуэу, Трифонов Иван 1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа гъэмахуэ Олимп джэгуэхэм хэтащ, ауэ увыпIэ гуэр къыхэхъакъым.

- Арсен, иджыблагъэ республикэм щекIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм укъыстхутепсэлъыхьхамэ, си гуапэт.

- Зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпщэр УФ-м Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм. Урысейпсо зэхьэзэхуэ и жьтIэ щхьэкIэ, абы хэтащ Хьэрпэ Эмират Зэгуэтхэм, Белоруссием я командэхэри. Абы къриухьIащ спортсмени 120-рэ. Зэхьэзэхуэр ирагъэжьэн и пэ къыхуэу Абхъазым и цIэкIэ щыIэ утыкум деж къыщыкъэзухуэсахэм, спортсменхэм псалъэ гуапэкIэ зыкуагъэзащ республикэм и унафэщIхэм, Олимп чемпион Шыхъуэ Борис.

Ялэ махуэм спортсменхэр щызэпеуащ «критериум»-м. Ар щIыпIэ хэхар хуэрейуэ къэжьхьныкъыр. Абхъазым и утыкум щрагъажьэри, зэпащIащ къалэм и уэрамхэу Щоджэнцыкум и цIэр зезыхьэр, Балкарскэ уэрамыр, Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэр икIи щежьа утыкум къагъэзэжащ. Километриц зы кIыхьагъ гъэгуанэм ахэр зэкIэпхъэужьу 20-рэ хъурейуэ къежэкIащ. Псори зэхэплъхьэжмэ, ар километр 65-рэ мэхъу.

ЕтIуанэ махуэм спортсменхэр Налшык дэкIри, щоссейм гъэгум тету зэпеуащ. Абыхэм къызэхахьыхьащ республикэм и куей зыбжанэ, зэIущIэм и кIэух щыIпIэ хъуар Безенги яжьлэрщ. Абдежьм къуажэдэсхэр гуапэу къаIущащ, щагъэхьэщIащ, щIыпIэ дахэхэр ирагъэльэгъуащ. Ди льэпкъ ерыскъыхьэм я Iэфlагъэмрэ щIыналъэм и дахагъуэ ныжращи, ди командэм япэ увыпIэр къыщIихьырт чемпионатым. Мис апхуэдэ спортсменхэм лъэщхэр диIащ.

Апхуэдэуи дызэрыгушхуэн спортсменхэщ Зибиревыр, Оболенскэр, Трифоновыр. Абыхэми дызэрыкIуэ Олимп джэгуэхэм хэтащ, ауэ увыпIэ гуэр къыхэхъакъым.

- Арсен, иджыблагъэ республикэм щекIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм зыкъыхутепсэлъыхьхамэ, си гуапэт.

- Зэхьэзэхуэр зэхуэсыгъэпщэр УФ-м Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм. Урысейпсо зэхьэзэхуэ и жьтIэ щхьэкIэ, абы хэтащ Хьэрпэ Эмират Зэгуэтхэм, Белоруссием я командэхэри. Абы къриухьIащ спортсмени 120-рэ. Зэхьэзэхуэр ирагъажьэн и пэ къыхуэу Абхъазым и цIэкIэ щыIэ утыкум деж къыщыкъэзухуэсахэм, спортсменхэм псалъэ гуапэкIэ зыкуагъэзащ республикэм и унафэщIхэм, Олимп чемпион Шыхъуэ Борис.

Ялэ махуэм спортсменхэр щызэпеуащ «критериум»-м. Ар щIыпIэ хэхар хуэрейуэ къэжьхьныкъыр. Абхъазым и утыкум щрагъажьэри, зэпащIащ къалэм и уэрамхэу Щоджэнцыкум и цIэр зезыхьэр, Балкарскэ уэрамыр, Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэр икIи щежьа утыкум къагъэзэжащ. Километриц зы кIыхьагъ гъэгуанэм ахэр зэкIэпхъэужьу 20-рэ хъурейуэ къежэкIащ. Псори зэхэплъхьэжмэ, ар километр 65-рэ мэхъу.

ЕтIуанэ махуэм спортсменхэр Налшык дэкIри, щоссейм гъэгум тету зэпеуащ. Абхъазым къызэхахьыхьащ республикэм и куей зыбжанэ, зэIущIэм и кIэух щыIпIэ хъуар Безенги яжьлэрщ. Абдежьм къуажэдэсхэр гуапэу къаIущащ, щагъэхьэщIащ, щIыпIэ дахэхэр ирагъэльэгъуащ. Ди льэпкъ ерыскъыхьэм я Iэфlагъэмрэ щIыналъэм и дахагъуэ ялъэгъуамрэ хьэщIыкъ ящIат ахэр.

Зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщыныкIи егъэкIуэкIыныкIи къыддэIэпыкъуащ республикэм и унафэщIхэр, КъБР-м СпортымкIэ и министерствэр, ди хьэщIыщхэмрэ шхапIэхэмрэ, ГИБДД-м и лжьакIуэхэр, нэгъуэщIхэри. Зэпеуэр дагъуэншэу, гукъинэжу екIуэкIын папщIэ зыми лъэкI къагъэнакъыми, фIыщIэ яхдоущ.

- Лъакъуэрыгъажэ спортым ухьихьэным сыт е хэт щIэдзапIэ хуэхъуар, Арсен?

- Лъакъуэрыгъажэ спортым сыщыдихьэхам илъэс 12 сихьуу арат. Си адэращ ар зи фIыщIэр. Абы зэрысабий льандэрэ лъакъуэрыгъажэр фIыуэ илъагъуу къэхъащ. 1944 гъэм, балъкъэрхэр щрашам, ди адэр щылIуу КъыргыызыкIи и Иссык-Куль щыпIэм къыщыхутащ. Балъкъэрхэр абы дэжьагъэ, куэд къыпаубыду щыIащ. ЩIалэ щыкIур ехъуапсэрт щIыпIэм щыщу лъакъуэрыгъажэ къызыхуащхьхэм, абыкIэ хэзыхьхьхэм, езым апхуэдэ Iэмал иIэтэкъым.

1957 гъэм ди щIыналъэм къагъэзэжа нэужь, ди адэр щIэтIысхьат Налшык и технологие техникумым, япэу лъакъуэрыгъажэ щытетIысхьари абы щыгъуэщ. ЗэрыжиIэжамкIэ, и фIэщ мыхьэжу, къыщиудри къэгъат. ЕджапIэм лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и секцэ щыIэти, абы зригъэхтат.

Абы къыщыщIэдзауэ нобэр къыздэсым ди адэр лъакъуэрыгъажэм тесщ, и ныбжьыр 85-рэ мэхъу. Илъэс 80-м ипу ар ветеранхэм я зэхьэзэхуэу Австрием щекIуэкIам хэтащ икIи еплIанэ увыпIэр къыщихьащ. Ди адэм нэмыщI, ар зыпеуэхэм зи ныбжьыр илъэс 75-м щIигъу яхэтакъым. Шыхъуэ Борис Налшык иджы щыщыIам, ди адэ Дахьир кIуритащ «Лъакъуэрыгъажэ спортым щынэхъыжь дыдэ» дамыгъэр...

Нобэ си псэлъэгъуэ Арсен и адэр балъкъэрщ, и анэр адыгэщ, Кумышхэ япхъыщ. Езым ифIэфIу, уэр-сэру адыгэбзэкIэ мэпсалъэ. Бзэр щызригъэщIар Къултыкъужьи щыпсэу и анэшырщ. Щысабийм абыхэм я деж щIэхщIэхуэрэ кIуэрт, школым и кIэух классхэри абы къыщиухьажащ.

Арсен зэрыжиIэмкIэ, ар ирогушхуэ адыгэбзэкIэ зэрыпсэлъэфым. «Гуэхъуэгуэ къызет», - жеIэ абы.

Нобэ зи бзэр (щIыбзэ зыщIаxэм, хамэбзэм зестуатэ ари нэсу зыхуэзмыгъэщIахэм щапхъэ зытрах хъун щIыхуу къызолъытэ Арсен - и адэм и бзэри, и анэм и бзэри зэхуэдэу егъэшэрыуэ, зэхуэдэу пщIэ яхуещI!

Епсэльар

ХЬэщЫКЪУЕЙ Олегщ.

● Футбол

Дакъикъэ бжыгъэ яхуэшэчыжакъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо-2» (Мэхьэчкъалэ) - 1:1 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 17-м. ЦIыхуи 130-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Дорошенкэ (Краснодар), Тиракьянц (Дон Iус Ростов), Харченкэ (Дон Iус Ростов).

«Спартак-Налшык»: КъумыкIу, Молэмусэ, Березов, ГъэгуэзокIуэ, Далиев, Хьэшыр (к) (КIэдыкIуей,79), Топурие (Дмитриенко, 89), Пlуп (Котов, 46), Масленников, Мэкъуауэ (ХьэщIыкIу, 65), Сэляев (Блий, 79).

«Динамо»-2: Зайнудинов, Джабраилов, Бабаханов, Умаханов, Акаев, Исаев (Джамуев,71), Яхьяев, (Абдуллабеков, 82), Шахалиев (Насибов, 71), Джабраилов, Алиев, Салимов (Курбаналиев, 82).

Топхэр дагъэкIащ: Топурие, 49 - (1:0), Насибов, 90+4 - (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Масленниковым, Котовым, Джабраиловым, Гаджиевым.

Налшык и «Спартак»-м Псыхуабэ очкоищ кIурихуу кIыгъэзэжа нэужь футболеплIхэм гугъэшхуэ ящIат мы зэIущIэм ди щIалэхэр щытекIуэну, турнир таблицэми я щытыкIэр щрагъэфIэкIуэну. Къэпщтэмэ, зэIущIэм и ялэ Iыхьэм зэрыщIидзэру налшыкдэсхэм ебгъэрыкIуэн щIадзащ къыщIэхэм я гъуэм икIи ар къащтэфыну Iэмалхэр яIащ, ауэ Iуэхур и кIэм яхунэмыгъэсурэ къикIуэтыжьын хуей хъурт.

Мэхъэчкъалэ кIыкIа командэри и гъащIэм къыщыкIыжьу тесакъым, ахэри мызэ-мытIэу къызэпхрыкIащ, ауэ абыхэми я мурадым кIыкIа щыIэкъым.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэм зэрыщIидзэрэ дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дамыкIыжу Налшык и «Спартак»-м и гъэдакъэхъэужьыныкIэ Топурие Тамаз зэпеуэм и бжыгъэр къызэIуихащ. Ар къыщыхъуар 49-нэ дакъикъэращ.

Абы иужькIэ налшыкдэсхэр хущIэкъуащ зэIущIэм и бжыгъэр нэхъыбэ ящIу, шэч къытрамыхьэжу, текIуэныгъэр къахьыну. Нэхъыбэ яхудэмыгъэкIми, гугъэ щыIэт 1:0-р яхъумэну. ЗэIущIэм хухаха зэманыр и кIэм щынэблэгъам таблом щытпIагъэри арат, ауэ сэущIм къыдыщIигъужа дакъикъэ зыбжанэм ди щIалэхэм я гъуэр яхуэхъуэмжакъым. 94-нэ дакъикъэм топыр къытхудигъэкIащ Насибовым.

Арати, командитIыр зэрытемыгъэкIуауэ зэIущIэр иухащ, футболеплIхэм Налшык и «Спартак»-м зыIэщIагъэкIа текIуэныгъэм я гукъыдэжьр ириудыкуэ зэбгрыкIыжащ.

ФокIадэм и 16 - 17-хэм Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и етIуанэ гупым щекIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэкIэ иухащ: «Алания-2» - «Мэшыкъуэ-КМВ» - 2:3, «Астрахань» - «Победа» - 2:1.

КъыкIэпыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшык»-м фокIадэм и 23-м иригъэкIуэкIыну. А махуэм ар щыхьэщIэнущ Хасавюрт и «Победа»-м деж.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и етIуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Мэшыкъуэ-КМВ»	9	4	3	1	19-7	24
2. «Легион»	8	4	3	1	14-7	15
3. «Астрахань»	9	4	2	1	15-10	14
4. «Спартак-Налшык»	9	4	2	3	11-8	14
5. «Динамо-2»	9	2	4	3	9-10	10
6. «Алания-2»	8	1	1	6	11-26	4
7. «Победа»	8	1	0	7	5-16	3

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.

Лым и щытыкIэм фыхуэсакъ

Лыр къыщыфщэхукIэ ар щIэрэ жьыIэ зэхэвгъэкIыфу фыщытын ноеийц, ар фи уэзыншагъэм зэран хуэмыхъун папщIэ. Абы хэлъщ цIыхур зыхуей белокымрэ микроэлемент сэбэпхэмрэ. Араща ар тэмэму хъумэным хуэсакъын щыхуейр.

КъЭФЩЖХУНУ лыр къыщыхэфхIэ псом япэу гу зылъытапхъэр абы и фэрщ. ФIагъ зыбгъэдалъ быламылыр мамкъутыфэщ, танэлыр тхъэмбыльфэщ. Iэщ яуклар нэхъыжьыу, абы и лыр нэхъ фIыцIафэу щытынущ. Абы къыщыщэщыкIыу, мэлылыр щыщIэм деж и фэр пльыжь -морафэщ. Мыбы гу лъыфтэ - лыщIэр тIэкIурэ щылъу жэпхъа нэужь, тхылъымпIэпсым хуэдэу, фи пIащIэ тхъэмбыльфэ къытрещIэ. И теплъэм фигу хуэзэгъа нэужь, лым фепэм: и теплъэм къыкIэлъыкIуэу аращ ар жьырэ щIэрэ къэзыгъэлъэгъуэнур.

ЛыщIэм и гуакIуэ щIэу, уеПэмкIи къыптемыкIыльэу. Абы гуащIэмэ,Iэфlымэ е фырымэ къыкIэрихримэ, ар зэрыщылъам и щыхьэтщи, апхуэдэр къэвмыщхумэ нэхъыфIэ.

Тыкуэнэм къыщыфщэху лым, быламылы е джэдкъазыл, лым къыхэщIыкIа консерв, е нэкуль ирехъуи, сыт щыгъуи тетын хуейщ ГОСТ - 19496 - 2023. «Мясо и мясные продукты. Методы гистологического исследования» жIеу. Псом нэхъ нэхъыфIу лым и щытыкIэр къыщыфхутэ хъунущ «Кавказ Ищхъэрэ МВЛ» Iуэхущапlэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. Абы щыуагъэнщэу къыщыжьаIэнущ и теплъэм, и мэм, и щIагъ-жьагъым, щыуэ кIэрыпIэр зыхуэдизым, и лэпсым и щытыкIэнум теухуауэ фщIапхъэ псори. Лым и щытыкIэр щыуэ егуэш: щэ, щэ къызытепхъэ, зэкIуэкIа. Иужьрейр фыхьы хъунукъым, етIуанэм иджырей промышленнэ Iэмалхэмкlэ елэжьыныфынри хэлъщ, абы щынагъэ зэрыхэмыльымкIэ щэсцIпIэ ихьа нэужь.

«Кавказ Ищхъэрэ МВЛ»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ.

ЗАНКИШИЕВ Арсен: Лъакъуэрыгъажэ спортым республикэм зыкъыщеужьыж

Лъакъуэрыгъажэ спортым и Iуэхур зыIутым, ди щIыналъэм иджыблагъэ щекIуэкIа урысейпсо зэхьэзэхуэм, нэгъуэщIхэми тезгъэлсэлъыхьхыну зы хуэзгъэзащ КъБР-м Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэм и унафэщI Занкишиев Арсен.

● Ди псэлъэгъуэхэр

Шыхъуэ Борис, Занкишиевхэ Дахьиррэ Арсенрэ.

- Жьыкъэ дыIэбжэкрэ дигу къэдгъэкIыжмэ, 1970 - 80 гъэхэм лъакъуэрыгъажэ спортым и Iуэхур ди деж фIы дыдэу щыщытащ. Къэралым и мызакъуэу, дуней псом щыщIэрыIуэ спортсменхэр диIащ абы щыгъуэ. Хьэлэмэтт а зэманэр, ауэ гугъэкIыжхэмкIэ псэуа ухуэныкъым. Ар къыдигрыIуэу долажьэ, а спортым ди республикэм щигъэтауэ щыта пщIэр къэтIэтыжьын мурадхэр диIэу.

Пэжщ, зэрызыдгъэщIэгъуэн спортсменхэр нобэ щыIэкъым, ауэ зэман дызыхуэкIуэм къриубыдэу апхуэдэхэри диIэ зэрыхуэнумкIэ гугъэ дэзыгъэщIхэр диIэщ. Ди гур хагъахъуэу, лъакъуэрыгъажэ спортым дехьэх ныбжьыщIэхэр. Иджыпстукlэ ди деж зыщыщысгъасэхэр цIыху 17 хъуэ аращ, абыхэм ящыщу щыр хъыджэбз цIыкIуу. Щэч къытесхьэркъым абыхэм я бжыгъэм къыхэхъуэурэ зэрыкIуэнум, а спорт Iэпхъэгъуэм республикэм зыкъызэрыщIиужьыжьынум.

КъыхэзгъэщIынщи, ди гъэсэнхэм ди деж къызэрыкIуэм щхьэкIэ пщIэ щIатыркъым. ЛъакъуэрыгъажэхэмкIи, я щыгъынхэмкIи, нэгъуэщI зыхуэныкъуэнухэмкIи ахэр нэсу къызэгъэпэщащ. АбыкIэ къыддэIэпыкъуащ Урысей Федерацэм Лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и федерацэр. Москвадзэхэм пщIэншэу къыдатащ лъакъуэрыгъажэу 20-рэ спорт щыгъэнхэмрэ.

ЛъакъуэрыгъажэмкIэ къэжьхьныкъым зыхуэзгъэсэн щхьэкIэ щхьэусыгъуэ зыри щыIэкъым - а спорт Iэпхъэгъуэр фIыуэ пльагъун хуейуэ аращ, адрей Iэмалхэр дэ псори диIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ лъакъуэрыгъажэ спортым хуэщIауэ фIэкIа пщIэнкIым. Зы псалъэкIэ жысIэмэ - жэнэтщ. Бгыльэзэкм къыщыщIыхьыныну ухуей - Хьэсэней къуажэм щегъэажэ, Джэрпэджэк лъэныкъуэмкIэ унэтIи, адэкIэ удэкIуейуэрэ къурш лъапэхэм ухуэкIуэнущ, Безенги унэсыху. Мыдэкlэ, гъуэгу зауэм къыщыщIыхьыныкъым, Брамтэ (Вольнэ Аул) уэрыдэжу Джэрмэнщык ухуэзышэ гъуэгум теуви, адэкIэ дэнэ нэс ухуейми кIуэ - ди гъуэгуэр бэлыхьщ.

Абыкlэ фIыщIэ хэха хуэзраль эфэлIащ: къуныкъури, ахьшэри, зэфIэкIри. Совет Союзым и зэманым адрейхэм япэ игъэщIапхъэу къыщалъытэу щытар сабийхэр щ. Нобэ абыхэм я пIэ къиуващ щIалэуби еджагъуэхэмрэ зи бохьышэр дольаркIэ зыкудэжэмрэ. Я мыплькр яхуэбжыкырыхьам, хамэ къэралхэм щалIэ я льапсэхэм я унагъуэхэр щотхъэ. АпщIондэкъ тхъэмыщIкIэхэр и чэзум медицинэ Iуэхутхьэбзэ ямыгъуэту, е абы и уасэр ирамытыфу, дунейм йохьыж. Сабий сымаджэхэр зэрагъэхъужьын ахъшэ яIэкъыми, телевизоркIэ е интернеткIэ псапэу къыхах. Къуажэдэс тхъэмыщIкIэхэм лэжьыгъэ, жэми, бжэни яIэжкъым, кредитымрэ щIыхуэмрэ щIигъэнащ.

Апхуэдэ гъащIэт ди адэхэмрэ ди адэшхуэхэмрэ щIэзэуар? Куэд щIащ «зауэм и бынхэм» епха хабзэр къащтэну зэрагъэхьбарэр. Дапщащ Къэрал Думэм я унафэр и кIэм щынигъэсыпр?» - щетх Iупым «СызыхуэкIуа гупсысэхэр» Iыхьэм.

Илъэс куэд щIауэ Пlуп Нурхьэлий ди газетми къыдолажьэ, и тхыгъэхэр «Адыгэ псалъэм» и напэкIуэцIхэм къытохуэ. Ар нэхъ гъунэгъуу къэзыщIыхуну уэрэд дэтхэнэ зыри абы и тхылъыщIэми зэрыщыгуфIыкIынум шэч къытетхьэркъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● ТхылъыщIэ

УнафэщI-редактор ЖЬэКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч *(редактор нэхъыщхьэ)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ IэпыджэЗамирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитныкIэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.623
Заказыр №2027

12+

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, **Нэужькъуэу Заирэ** *(1, 3-нэ нап.)*.

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Ныр Саидэ.**

Суэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыгъэдзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ зэрыт, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзэр сыхьэт 20.00-рэ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.